

Kembang Abang

5

Revitalisasi Macaan
Pacul Gowang

7

Lomba Gandrung
Gurit Mangir

24

EDISI 19

Juli - Desember 2021

ISSN 1979-6129

Lontar Using

Ngular Basa Njaga Adeg Jejege Jati Diri Bangsa


MAJALAH BASA USING



BALAI BAHASA
JAWA TIMUR



Lontar Using



Daftar Isi

Bucu Basa Using
Antariksawan Jusuf

Upacara Panen Pari ring Taman Gandrung Terakota
Antariksawan Jusuf

Kembang Abang
Antariksawan Jusuf

Revitalisasi Macaan Pacul Gowang
Hani Z. Noor, Syaiful, Kang Aang

Profil Pitung Grup Hang Milu Lomba
Moh. Syaiful

Kenthus, Slamet Penyet, Cak Ikhwan Dadi Guru
Moh. Syaiful

Aljin lan Warisan Pacul gowang
Nani Asiany Ms

2 Tutburi Aljin lan kelangan Dalam
Kang Ujik

3 Man Aljin lan Kesenian Pacul Gowang Sindir-sindiran Nganggo Wangsalan lan Basanan
Eko Budi Setianto

5 Kepengarangan Yusri Fajar
Oktavia

14 Para Pemenang Anyar ring Lomba Nganggit Nganggo Basa Using 2021
Kang Aang

20 Musium Gandrung ring Banyuwangi
Budiosing S

26 Lomba Gandrung Gurit Mangir
Kang Aang

29 Kamus Using Versi Android lan Pelatihan Nyugih Kamus Indonesia, Using
Kang Aang

31 Jenggirat Tangi Maning Pacul Gowang Sakwise Pementasan Revitalisasi
Antariksawan, Moh. Syaiful

33 Nampa Penghargaan ring Dina Aksara Internasional 2021
Nur Holipah

35 Welangat
Ridzkiya Karimatus Sholeha


36

38

40

42

46



17

26

37

Lontar Using

Ngular Basa Njaga Adeg Jejege Jati Diri Bangsa
MAJALAH BASA USING



Uluk Salam

Sakjege Badan Bahasa nduwe kerenteg arep nguripaken maning (Revitalisasi) Macaan Pacul Gowang, akeh wong-wong hang milu keplok girang. Mergane kelendi-kelendiya sithik-sithik kesenian hang wis emeh ilang lan anane mung ring kaset-kaset lawas tinggalane grup-grup wis rada mecungul maning. Kesenian iki, hang kesuwur ring aran senimane yaiku Aljin, seru emane kadhung temenan sampek muspra.

Sak mareke ana Pelatihan hang dianakaken Badan Bahasa bareng ambi Dewan Kesenian Blambangan, Sengker Kuwung Belambangan lan Dinas Kebudayaan dan Pariwisata, sithik-sithik grup hang milu wis ulih tanggapan, kayata grup hang ulih JEB lan Spensaba Milenial. Dadi kekarepan kawitane kanggo nguripaken kesenian mau, wis katon kelaksan masiya tanggapanane buru sewates ring panggonane dhewek. Taping jangkah gedhe dikawiti ring laku cilik.

Akeh hang diarep-arep teka Pelatihan hang mung telung dina lan waktu sak ulanan kanggo nyiapaken pementasan. Mengarepe muga-muga cara kanggo nguripaken maning Pacul Gowang iki bisa dadi dalan merujuke kesenian lan sastra lisan liyane hang ana ring Banyuwangi, kayata Rengganis.

Hing maido edisi Desember iki Lontar Using nggawe Liputan Utamane yaiku Macaan Pacul Gowang.

Hang liyane, terbitan hang saiki akeh nyathet iwuh hang dianakaken sak njerone pageblug. Masiya nganggo protokol kesehatan kelawan wisuh, maskeran lan hing nggerombol, merga Banyuwangi wis ana ring Level 2 PPKM, pagebluge wis rada suda, lawang kanggone kelenceran wis sithik-sithik diemblang. Ana pirangane panggonan kelenceran hang wis dibukak. Kesenian wis katon utip maninh. Lan merga dibukake panggonan kelenceran iki, nyemplok kegiyatan ekonomi liyane hang bisa nguripi lan mbantu mutere penguripan liyane. Akeh wong hing percaya gok hotel-hotel ring Banyuwangi akeh ebeke saben-saben ngarepaken Sabtu Minggu, nduduhaken donya kelenceran (wisata) wis mangkat rumang maning. Muga-muga dadi lan apike kanggo Banyuwangi Mengarepe.

Salamun wa taslimun. Talam wadhahe limun.

Pemimpin redaksi



Redaksi: M.Oktavia Vidiyanti



Penanggung Jawab: Dr. Asrif

Pimpinan Redaksi: M. Oktavia Vidiyanti.

Penyunting Bahasa: Antariksawan Jusuf, Hani Z Noor

Tata Letak/Desain Grafis: Oky Narna Putra

Sekretariat: Maria Magdalena

Balai Bahasa Jawa Timur-Jalan Siwalan Panji Buduran Sidoarjo 61271

031-8051752

oktaviavidl@yahoo.co.id

www.balaibahasajatim.kemendikbud.go.id

Ucap /tah/ ring Basa Using

Ditulis ring Antariksawan Jusuf

Ucap /tah/ ring kamus Bahasa Daerah Using-Indonesia (DKB, 2002) hang disusun ring ruwahe Pak Hasan Ali ditulis gedigi: **tah** merupakan partikel yang dipakai untuk menekankan kata yang di depannya, yang mengandung arti suruhan atau pertanyaan.

Tuladhane:

Suruhan: *Sira ngombea obattah makene gelis waras* (Kamu minum obatlah agar segera sembuh).

Pertanyaan: *Sira wis mangantah?* (Kamu sudah makankah?)

Ucap /tah/ iku ring bukune Pak Hasan Ali liyane hang nduweni judhul **Pedoman Umum Ejaan Bahasa Using** (Cara Menulis Dan Membaca Bahasa Using) (DKB, 2006) dijelentrehaken minangka partikel lan ditulis gandheng ambi ucap sedurunge.

Apuwa mesthi digandheng? Tah ring kene iki minangka *enklitika*, yaiku *klitik* hang panggone ana ring pungkasan kata dasar. Kaya dene penulisan ucap keterangan milik: -isun/-nisun, -rika/-nrika lan liya-liyane.

Paran iku Klitika? Bukune Pak Hasan liyane hang judhule **Tata Bahasa Baku Bahasa Using** (Pemda Banyuwangi, 2006), nerangaken gok klitika iku bentuk terikat yang secara fonologis tidak beraksen atau tidak punya tekanan sendiri dan karena itu selalu harus bersandar kepada bentuk lain yang beraksen. Klitika bisa arupa Proklitika hang panggonane nong ngarep ucap umpamane ring bahasa Indonesia /ku-/ kutulis. Bisa uga panggonan klitik ana ring pungkasan hang disebut enklitika.

Minangka fungsine kanggo pitakonan /tah/ uga elemen hang penting ring basa Using. Tepak nggawe pitakonan hang ngarepaken jawaban: 'iya tah sing' (pertanyaan tertutup), basa Using hing nganggo ucap /paran/ kaya ring basa Jawa utawa Indonesia. Tah ring basa Using gunane mastekaken gok ukara pernyataan uwah dadi ukara pitakonan.

(Bahasa Indonesia) Apa yang bercat kuning itu rumahnya?

(Bahasa Jawa) *Apa sing cet putih kuwi omahe?*

Pendelikana, basa Indonesia lan basa Jawa, nduwe ucap pitakonan /apa/ hang kira-kira padha ambi ucap /paran/ ring basa Using. Taping cumpune ucap /paran/ hing dienggo minangka ucap pitakonan.

Paran hang dicet putih iku umahe? * (tuladha hang luput)

Carane kanggo nggawe pitakonan, basa Using nganggo ucap /tah/ ring pungkasan ukarane. Dadine, ukara hang bener ring ndhuwur iku yaiku:

Teka ring ukara: Yang bercat putih itu rumahnya (*Hang cet putih iku umahe*), dadi

Apakah yang bercat putih itu rumahnya? (*Hang cet putih iku umahetah?*)

Pungsi tah liyane

Ring basa Using, cumpu ana punksi /tah/ liyane hang durung kecathet ring kamuse pak Hasan, yaiku /tah/ hang ring basa Indonesia padhanane /atau/ merga ngewani pilihan. **Tah** hang pungkasan iki, kadhung jare Hun minangka ucap hang bisa ngadeg dhewek merga iki dudu partikel lan dudu klitika.

Tuladha:

Kamu mengambil yang merah atau yang putih? *Sira njuwut hang abang tah hang putih?*

Datanglah hari Senin saja atau hari Selasa, senyamanmu sajalah.

Tekaa dina senin tah Selasa, sak enak rika wis.

Dadi mengarepe perlu nambahi arti hang ana kaitane ambi punksi ucap /tah/ iki ring penyempurnaan kamus Bahasa Daerah Using-Indonesia.

(Antariksawan Jusuf)

Upacara Panen Pari ring Taman Gandrung Terakota

Taman Gandrung Terakota, Tamansari Licin, ring bungase ulan Oktober sore ngawiti iwuh panen pari kelawan nggawe acara hang kabeh nduduhaken kelendi pareke wong Banyuwangi ring aran pari.

Ring ngarepe patung-patung hang digawe teka lemah lempung, ana panjak gandrung lan ana grup patrolan ngiringi lare wadon hang dipaesi kaya-kaya Dewi Sri, dewine wong tani. Marek gandrung loro hang nggawa tari Jejer kanggo mbukak acarane sekaligus mapag tekane dhayoh, hang nduwe Jiwa Jawa pak Sigit Pramono lan pirangane tamu ngerit pari hang aju dideleh ring tengah kedhokan. Aju ana telung pasang Kebo-Keboan hang mudhun ring kedhokan, tiru-tiru upacara sakral Kebo-Keboan. Sayange mula marek iku udane saya deres lan penonton hang kira-kira akehe 50 wong mbalik ngiyup nong restoran lan panggonan liyane.

"Udan kawitan nong kene, muga-muga tandha apik kanggo kene kabeh," jare pak Mohammad Muttaqien, Manajer Operasional Jiwa Jawa.

Banyuwangi hang minggu sore dadi tuan rumah kegiatan Hari Aksara Internasional ketekan akeh dhayoh. Minangka panggonan hang wis nyumbang dadi salah siji ikon-e donya kelenceran (wisata), Jiwa Jawa uga dadi jujugan utama. jare pak Muttaqien sore iku dina Sabtu masiya mung ana gandrungan ring amphiteatere, naming hang teka lebih akeh timbang hang nekani Paket Wisata Panen Padi hang digelar dina Minggu.

Mula sakat pageblug ndadi taun sore sampek pertengahan taun iki, Jiwa Jawa nggawe cara anyar, hing kaya sedurunge hang nganteni wong ambyak-ambyakan nekani jujugan wisatane, naming nggawe paket-paket hang regane 100.000 kanggo saben wong hang teka, paket iku kelebu




mangan wayah bedhug prasmanan ring Cafe Java Banana hang ana ring ngingsor pentas ngadhep nang banyu cilik lan kedhokan hang akeh patung-patung gandrung. Segu lan banyu hang disuguhaken nyang dhayohe, arupa sega werna biru lan ombenan werna biru hang wernane dijuwut teka kembang Telang (Asian pigeonwings), sakkal nggawe awak kerasa saya seger.

Patung gandrung gawenane seniman Yogya iki



Upacara Panen



ulan Agustus sore ditambahi maning ring panggonan hang diarani Petirtan. Taman Gandrung Terakota nduwe 359 patung gandrung hang disebar ring pirangane panggonan hang ana ring kono. Patung Gandrung iku posisine nduduhaken tepak ngelakoni tahapan-tahapan ring kesenian gandrung yaiku jejer, ngerepen lan seblang subuh.

Sedurunge pageblug biyasahe ana pentas tari Meras Gandrung saben ulan. Taping merga pageblug saiki wis hing ana.

Pungkasan ana pentas ring amphiteater hang ana ring ndhuwure Cafe Java Banana iku ulan Desember 2019.

Kerana pagebluge magih durung uncal kabeh lan Jiwa Jawa nguwahi aturane hing gelem maning turisme masal (mass tourism), saiki saben dinane mung ditarget 20 dhayoh, mung



pirangane persen teka kapasitas biyasahe.

Masiya sithik taping dhayohe bisa dilayani kelawan lebih apik. Saben rombongan diwani pemandu wisata hang bisa nerangaken saben patung lan barang liyane hang ana ring kono, kayata lukisan lan barang-barang pertanian hang dipajang ring salah siji panggonan.

Ring sak ubengane panggonan hang werane 4 hektar iki magih akeh panggonan hang digeningaken magih arupa kedhokan digarap ring wong tani lokal. Wong-wong tani ring sak ubengane Jiwa Jawa iki ya digawekaken Baitul Maal wa Tamwil (BMT) ambi Pak Sigit kanggo mbantu wong tani makene hing kejiret ring bank arian (bank thithil).

"Mengarepe, upacara panen padi hang ngejak penonton milu ngerit pari, arep dianakaken maning kira-kira ulan Desember," jare pak Muttaqien. **(Antariksawan)**



Kembang Abang

Karyane Maestro Gandrung Subari



Kembang Abang

Kembang abang selebrang ana ring kasur
Mbah Teji sun anteni ana ring paseban
Ring paseban jare paman
Yara wong mangan ngingum
Seleregan suwarane yara wong ngunus keris
Seleregan suwarane yara wong ngunus keris
Gendam gendhis yara abyar abyur

Gendhing Kembang Abang dinyanyekaken
ring kang Subari Sofyan ambi ngadeg nong
ndhuwur kendhi cemeng. Gendhing iku
biyasahe digendhingaken para gandrung

minangka isarat kanggo para pejuwang hang
ana ring umahe umpamane ring Singojuruh,
Rogojampi, Srono lan liyane sak perlu
ngongkon metu melayu nong alas merga
Landa arep nyerang panggonane.

Bungase ulan Oktober sore sanggare kang
Subari Sofyan dadi katon mencorong ring
antarane lalare hang milu Lomba Tari Jejer
Gurit Mangir hang dianakaken ring warung
Kemarang, Tamansuruh.

Nggawakaken tari Gandrung Marsan
Kembang Abang kanggo nduduhaken gok
Gandrung Marsan nduwe peranan ring

perjuwangane wong Banyuwangi ngelawan penjajah Landa. Marsan minangka pejuwang liwat donya seni, ambi ngamen merana merene taping uga dadi telik sandi hang ngabari kahanan nang para pejuwang. Marsan hang kerep diundang njuged ring umahe pejabat Landa, ngewani isarat nong para pejuwang kapan kudune ngunus keris.

"Gendam gendhis, gula hang wis manis taping digendam tambah saya manis. Keluarga Kembang Abang makene para pejuwang semangate tetep dhuwur," jare kang Bari.

Para gandrung ngerangkep dadi telik sandi, wong hang ngewani kabar kapan kudune pejuwang kumpul lan merangi Landa.

Dene njuged nong ndhuwur kendhi, ceritane jaman bengen saben gandrung nduwe ciri has dhewek-dhewek. Ana gandrung teka Tukang Kayu aran Aripah hang dhemen njuged nong ndhuwur kendhi. Iku hang ditiru kang Bari.

Sak mareke njuged, kendhine dipecah, nduduhaken semangat dhuwur para pejuwang.

Kelambi gandrung lan omprog hang dienggo katon beda teka gandrung biyasahe. Bari ngaku gok kelambine didesain niru kelambi gandrung lanang hang tau pentas ring pendhapa jaman bengen. "Cirine kelambi gandrung lanang iku mula basahane lebih wera," jare Subari. Kadhung

kanggo wadon, ilat-ilate rada dawa.

"Isun hing enggak taping mula busana hang Hun enggo kudu hing kalah ambi liyane."

Omproge ya rada gedhi, nduduhaken omprog lanang, katon sagah kaya omprog hang dienggo gandrung Marsan jaman bengen.

Kang Bari ngaku gok iyane seru mongkoge bisa pentas nong ngarepe lalare, merga iyane bisa selabar lan nyebaraken cerita perjuwangan liwat seni tari. "Pokoke kabeh padha nyokong lalare."

Ring tampilane Subari lan sangang penari liyane, kelebu Ketua Panitia Lomba kang Samsul mantu putune ruwahe anang Serad duren abang Kemiren, lalare bisa ndeleng apik lan rapine koreograpi, ana bagiyan Jejere lan ana nuansa teatrikal tepak Subari mecah kendhi aju nyemburaken uthik-uthik arupa kembang nong para penonton.

Tampilan tari Kembang Abang, dipungkasi

kabeh penari gandrung mungkuri penonton nganggo berengos lan mberak "Isun Marsan" ambi ngangkat omproge dhuwur ambi tangan tengene.

Subari katon ngukuhaken gok iyane mula dadi salah siji maestro gandrung lan asete Banyuwangi.

(Antariksawan)



Revitalisasi Macaan Pacul Gowang



Dr. Asrif M. Hum

Kawitane

Ring ulan Juli, wong Badan Bahasa Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset dan Teknologi Pak Nur Achid Prasetyawan takon ring wong Sengker Kuwung Belambangan, sak perlu nggolet sastra lisan paran hang bisa direvitalisasi. Merga iku programe kantore hang arep nguripaken maning 10 basa dhaerah lan enem sastra lisan.

Revitalisasi basa lan sastra lisan hang digarap Badan Bahasa sak Indonesia iki, yaiku basa Batak dialek Angkola, Basa Tolaki ring Sulawesi Tenggara, basa Teon ring Maluku Tengah, basa Konjo ring Bulukumba Sulsel, basa Retta ring Alor NTT, basa skanto ring Keerom Papua, basa Totoli ring Tolitoli Sulteng, basa Gorap ring Halmahera Barat, basa Berangas ring Barito Kuala Kalimantan Selatan.

Dene Revitalisasi Sastra Lisan, sak liyane Pacul Gowang ring Banyuwangi ana lima liyane sak Indonesia hang uga digarap, yaiku

1. Sastra Lisan Ngagondang (basa Sunda Banten) ring Lebak Banten.
2. Sastra Lisan Topeng Banjet (basa Sunda) ring Karawang Jawa Barat.
3. Sastra Lisan Daeng (basa Jawa) ring Wonosobo Jawa Tengah.
4. Sastra Lisan Tolaki (basa Tolaki) ring Konawe, Sulawesi Tengah.
5. Sastra Lisan Sako Jung (basa Sikka) ring Nusa Tenggara Timur.

Kawitane Badan Bahasa magih durung bisa namtoaken hang endi hang arep direvitalisasi. Usulan siji yaiku Macaan Lontar Sritanjung hang wis hing ana maning ring Banyuwangi, usulan sijine nguripaken Basanan lan Wangsalan hang wis rada kiyep ring antarane wong non-noman.

Tepak rapat hang kepindho, kang Abdullah Fauzi ngusulaken Macaan Pacul Gowang hang ana macaane lan ana basanan wangsalane. Uga minangka pertunjukan, kesenian iku akeh



Cak Ikhwan,
pelaku Macaan profesional
yg menjadi instruktur



Pegiyat Macaan profesional
pak Misran Watukeb



Slamet Penyet
salah satu profesional
yg menjadi instruktur

penontone.

Marek pertemuan hang kepindho, Tim revitalisasi sastra lisan Badan Bahasa wis namtoaken gok Macaan Pacul Gowang (MPG) Milenial kudu wis bisa munggah genjot ring November kawitan.

"Waktu efektif telung ulan, masiya kene iki kesandhung ana PPKM lan kegiyatane kudu tetep miloni protokol kesehatan," jare pak Nur Ahid Prasetyawan teka KKLK Pelindungan Bahasa dan Sastra, Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa Jakarta nganggo basa Indonesia.

Pertemuan liwat njero kawat (*daring*) nganggo Zoom iku dipiloni sak liyane pak Nur Ahid, Kepala Balai Bahasa Jawa Timur pak Asrif, ana wong loro teka Dewan Kesenian Blambangan (DKB) yaiku ketuane kang Hasan Basri (Kang Son), kang Slamet Hariyanto (kang Momo),



Pertemuan lewat Zoom membahas rencana Pelatihan

kang Abdullah Fauzi (Kang Ujik) teka Dinas Kebudayaan dan Pariwisata Banyuwangi, uga kang Aang ketua umum Sengker Kuwung Belambangan (SKB).

Proses hang kudu dilakoni yaiku 1. Nyiapaken materi hang kudu diajarkan nyang peserta yaiku para pelatih ring sanggar-sanggar kesenian lan guru kesenian ring sekolah-sekolah 2. Nyiapaken pideo conto MPG hang arep digawa ambi kang Misran Watukebo, kang Ikhwan, lan kang Ali Kenthus 3. Aju sak mareke pelatih lan guru-guru iki ngajari muride (telung lare sak grup) buru grupe iki bisa munggah pentas.

Jare kang Ujik, merga magih ana pageblug, ana telung pilihan cara munggah pentase iki. Kang kawitan, grupe iki mau munggah genjot lan disiyaraken kelawan njero kawat. Kang kepindho para juri nekani peserta ring panggonane dhewek-dhewek. Lan hang pungkasan, disedhiyani genjot kanggo pentase para grup hang milu. Naming pilihan nomer telu iki rada nderawasi merga bisa nekakaken akeh wong kanggo milu ndeleng.

Materi hang diulangaken iki arupa buku hang disusun tim lan pideo MPG hang digawa ambi wong telu iku mau. Materi iki setemene wis diomongaken ring Kang Son lan tim teka DKB ambi Disbudpar tanggal 31 Juli sore hang ngundang narasumber yaiku kang Misran



Hasan

Abdullah Fauzi DKB Komisi Sastra

Pak Asrif saat Pelatihan

Watukebo, kang Ikwan lan kang Ali Kenthus. Isi bukune yaiku sejarah perkembangan kesenian Pacul Gowang lan bedane Macaan Lontar kanggo ritual lan Macaan Pacul Gowang, teknik Laik, teknik nyusun basanan lan wangsalan, teknik nyusun cerita, dramatisasi lan keaktoran. Buku lan pideo conto MPG dikarepaken minggu ketelu Agustus wis marek digarap lan seleksi grupe bisa gancang diangkat.

"Lalare milenial iki uga kudu ndeleng pisan conto Macaan klasik lan Macaan Pacul Gowang anyar (campur sari). Taping kekarepane lalare enom iki nduwe potensi dhewek lan bisa nggawa carane dhewek, dadi Macaan Pacul Gowang Milenial," jare kang Son.

Merga arane revitalisasi, makene kesenian iki ana hang nerusaken ring dina mengarepe, sasaran hang dituju yaiku lalare enom hang

makili sanggar, sekolah lan komunitas. Merga sak grup diisi lare telu, dikarepaken ana 17 grup (51 lare) taping nyatane mung ana 47 lare lan sak grup isine limang lare.

Proses Pelatihan Ngarepaken Methik Woh-wohan Mengarepe

Magih enget yara, ana unen-unen: woh-wohan hang dipethik mbisuke iku, wijine kudu ditandur saiki.

Gedigu pisan hang sore dilakoni ring lalare hang milu Pelatihan Macaan Pacul Gowang ring Pelinggihan Dinas Kebudayaan Pariwisata. Ibarate lalare iki wiji hang ditandur hang mbisuke bisa nguwoh lan ndadekaken kesenian Pacul Gowang hang saiki rada kingslep bisa merujuk maning.

Sakat ditinggal Pak Aljin hang wis ngawiti kesenian Macaan Pacul Gowang, kesenian iki taun 1970an lan ndadi taun 1980an, kesenian iki kaya kurang bensine.

Hang magih nerusaken ana Pak Misran, hang sore milu dadi narasumber lan nyeritakaken pengalamane. Alae sore iku Pak Misran sambatan sikile lara, sarta dikongkon milu cerita pengalamane, malah bisa njuged nong ngarepe lalare. Sakkal aron! Pak Misran uga kecathet minangka pegiyat Pacul Gowang hang nambahi sithik-sithik unsur ring kesenian iki, kayata nambahi kubung kaya ring kesenian



Suasana Macaan Lontar Yusup ritual di Kemiren



Ketua DKB menyerahkan buku Lontar Yusup ke pak Asrif

janger. Mangkane hing maido kadhung aran keseniane ya diuwah sithik: Macaan Pacul Gowang Campur Sari Gaya Baru. Pak Misran iki bengen ya tau kecaruk ring Hadrah Caruk hang nampilaken Pak Aljin ambi grupe iyane.

Sak liyane Pak Misran, ana Kang Jubaidi hang bengene milu grupe Pak Misran. Naming merga ana hang dirasa hing cocog ambi Pak Misran, iyane ngedegaken dhewek grupe, hing ana arane husus. Teka grupe Kang Jubaidi iki ana ruwahe Kang Ahmad Sarbini hang ngedegaken grup dhewek ring Aliyan Rogojampi hang diarani Macaan Pacul Gowang



Gandrung Temu di Pelatihan

Sekar Wangi.

Saiki ana generasi peneruse yaiku Kang Ali Kenthus lan Slamet Penyet hang magih ulih tanggapan merana merene nggawa kesenian iki.

Tepak Pelatihan iku sak liyane Pak Misran, Kang Kenthus, Kang Penyet ditambah Kang Ikhwan (hang setemene pengudang gandrung) hang dadi nara sumber utama ring Pelatihan iku.

Jak telon iki nduduhaken kelawan praktek ring ngarepe lalare, kelendi ngawiti maca Lontar Yusup, kelendi carane paculan hang diselipi senggakan hang emeh kabeh nganggo basanan lan sithik wangsalan, kelendi carane laik-laikan.

Ring bungase dina, lalare dikongkon nggawe grup, latihan munggah genjot. Masiya mung rong dina Pelatihan, lalare mau wis nduduhaken gok wiji Kesenian iki setemene wis merujuk lan subur lan bisa diarepaken mengarepe gok Banyuwangi lan sapa bain, bisa nganteni arep methik uwohe. Lalare hang milu iki mula dudu lalare hang kosongan teka kanane. Lalare iki akeh hang wis milu dadi anggotane Lalare Orkestra, milu Pelatihan sindhen kapanane, milu grup Macaan Milenial lan kesenian Banyuwangi ibarate wis dadi sega jangan uripe. Hing maido tepak tampil, akeh hang ewer dadi saingane Kang Kenthus lan Kang Penyet. Kari sithik, ditambahi emes-e, uwohe marek iki wis mesthi gelantongan kari methike.

Ring dina pungkasan Pelatihan iku, merga awe-cawene Dinas Kebudayaan dan Pariwisata, para peserta lan penyelenggara teka Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset dan Teknologi yaiku teka unit kerja Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa, satuan kerjane yaiku Pusat Pengembangan dan

Pelindungan Bahasa dan Sastra, disuguhi tari gandrung teka grup Uni Using pimpinane Haidi Bing teka Kemiren lan penutupe grup hadrah Laras Wangi pimpinane Sajidi teka Glagah.

Pementasan Macaan Pacul Gowang Asile Pelatihan

Pementasan Revitalisasi Sastra Lisan Berbasis Komunitas, Macaan Pacul Gowang, hang dianakaken tanggal 27 Oktober pacane arep digelar ring pelataran kantor Dinas Kebudayaan dan Pariwisata Banyuwangi.

Serehne saiki wis wayahe mangsa rendheng, kelendi kadhung udan? "Tenang bain ana 'menteri penerangan' alias tukang sarang," jare kang Hasan Basri ketua Dewan Kesenian Belambangan (DKB) ambi mesem-mesem.

Panitiya teka Badan Bahasa, kang Nur Achid Prasetyawan negesaken gok pementasan iku arep dipiloni kira-kira pitung grup, ana lalare hang milu Pelatihan ana hang teka njaba.

Iwuh iki nduwe tujuan nguri-uri (*revitalisasi*) sastra lisan hang wis emeh ilang, makene dijejegaken maning ring masarakate.

Teka diskusi njero kawat (daring) tanggal 19 Oktober, dipastekaken teka pementasan iku arep digoleti **Penyaji Terbaik 1,2,3** lan **Penyaji Terheboh** (embuh apuwa kategori Penyaji Terheboh iki wurung dianakaken). Ana uga hang penilaian kanggo perorangan yaiku **Laikan Terbaik** lan **Naskah Terbaik**. Dene grup liyane itungane kelebu **Penyaji Unggulan non-ranking**.

Dewan jurine, ana Cak Ikwan, kang Ali Kenthus, kang Slamet Penyet hang dadi pelaku seni Macaan Pacul Gowang, uga ana pak Sungkono teka Komite Sastra DKB lan kang Abdullah Fauzi teka Disbudpar.




Pak Asrif saat Pelatihan

Sedina sedurunge, tepak nata panggunge, sekalian arep dianakaken pengundian nomer urut. Acarane digelar dina Rebo tanggal 27 Oktober diangcati jam 19.00 sak mareke.

Ring daptar undangane, sak liyane para pejabat yaiku Bupati Banyuwangi, Kepala Dinas Kebudayaan dan Pariwisata, Kepala Dinas Pendidikan, Kepala Dinas Pemuda dan Olahraga, Kepala Cabang Dinas Pendidikan Propinsi Jatim, pirangane anggota DPRD, uga ana pelaku seni Macaan Pacul Gowang yaiku pak Misran Watukebo lan pak Jubaidi.



Para instruktur Cak Ikwan, Ali Kenthus, Slamet Penyet



Pementasan, Nganteni Merujuke Kesenian Pacul Gowang

Kekarepane Badan Bahasa kanggo nerusaken lan nguri-uri kesenian Macaan Pacul Gowang sak uwise Pementasan kelawan anane tanggapan ulih sokongan teka Pemda Banyuwangi.

Kesenian Pacul Gowang hang salah anjrahe disebut kesenian Aljin, ring Banyuwangi setemene magih ana loro, taping hing tau ulih tanggapan maning. Kamangka, uripe kesenian iku ya teka anane tanggapan-tanggapan. "DKB ngarepaken sak mareke pentas iki, lalare hang wis nggawe prestasi iki diundang ambi Disbudpar makene tetep urip," jare Sekretaris DKB kang Bambang Lukito.

Kekarepan iku langsung dijawab ambi Asisten Bupati Bidang Perekonomian dan Pembangunan pak Guntur Priambodo MM. M. Si. hang macakaken sambutan teka Bupati Banyuwangi bu Ipuk Fiestandani gok mengarepe saben ana kegiatan pariwisata arep diselipaken kesenian Pacul Gowang iki. Umpamane tepak ana acara Petik Laut utawa ring Ngalap Berkah ring sawah.

Iwuh Pementasan Revitalisasi Sastra Lisan Berbasis Komunitas Macaan Pacul Gowang tanggal 27 Oktober dalu iku digelar ring pelatarane Dinas Kebudayaan dan Pariwisata Jalan. A. Yani iku minangka penutup rangkaian

acara hang sedurunge ngelatih lalare enom kanggo nguri-uri kesenian Pacul Gowang iki. Jare kang Bambang ana 47 lare hang dilatih ring bungase ulan Agustus sore. Taping saiki hang milu ana pitung grup. Liyane akeh hang wis ulih tanggapan pentas kesenian liyane kayata jaranan ring dhaerah liya. Sak grup rata-rata dipiloni 8-10 lare/wong kelebu limang panjak.

Jare bu Ipuk ring sambutane, Banyuwangi nduwe potensi seterategis kanggo donya wisata merga nduwe potensi alam hang apik hang bisa dadi sumberani kanggo iming-iming wong kelenceran teka Bali. Sak liyane iku, Banyuwangi ya nduwe ragam wisata lan budaya hang kudune bisa dimaknani hang lebih jeru maning. Salah sijine milokaken masarakat kanggo mbangun dhaerahe.

Tradhisi Macaan Pacul Gowang kerep digelar ring ruwatan, bersih desa, petik laut lan hitanan, jare bu Ipuk. Akulturasi Islam lan kepercayaan lokal sithik-sithik wis uwah teka kegiatan ritual nyang kegiatan hiburan. Kekarepane, bisaa para pelajar iki mau milu nguri-uri, jare bu Ipuk.

Jurine diketuai ring pak Supono Komite Sastra DKB, dene anggotane ana cak Mohamad Ikhwan hang kerep dadi pengundang gandrung, pelaku kesenian Pacul Gowang Ali Kenthus lan Slamet Penyet, lan kang Abdullah Fauzi sastrawan hang uga pegawe teka Disbudpar.



Peserta pelatihan foto bersama

Ring Pementasan iku, para juri sepakat hang ulih penghargaan **Grup Terbaik 1 Jiwa Etnik Blambangan (JEB)**, **Terbaik 2 Gandrung Arum** lan **Terbaik 3 Spensaba (SMPN 1 Banyuwangi)**.

Dene petang grup liyane melebu kategori grup **Unggulan non-ranking** yaiku **Cakrak Ungkal**, **Kakeen Gaya**, **Mbah Gandrung** lan

Loro Pikir.

Hang ulih penghargaan **Laikan Terbaik 1, JEB**, **Terbaik 2 Gandrung Arum**, lan **Terbaik 3 Cakrak Ungkal**. Dene kategori **Naskah Terbaik 1 grup Gandrung Arum**, **Terbaik 2 Spensaba**, lan **Terbaik 3 JEB**.

(Hani Z. Noor, Syaipul, Kang Aang)



Penghargaan 7 Peserta Finalis Revitalisasi

Profil Pitung Grup Hang Milu Lomba

Pitung grup Macaan Pacul Gowang hang wis ndaptar lan sanggup milu nyang pementasan iki nyatane sing mung abang-abang lambe. Kebukti ring bengi iku tanggal 27 Oktober 2021 hang dinane diepasaken ambi peringatan Sumpah Pemuda, lare-lare milenial main seru tegese. Pitung grup katon sagah nganggo kelambi kelar-kelir hang dipadakaken ambi tema main nong panggung cilik pelataran Dinas Pariwisata Banyuwangi. Pitung grup hang milu ana ring pestival iku antarane bain **Kakeen Gaya** teka Kemiren Glagah, **Loro Pikir Rogojampi**, **Cakrak Ungkal** teka Cluring, **Mbah Gandrung Singojuruh**, **JEB (Jiwa Etnik Blambangan)** Singojuruh, lan **Spensaba Mileneal** teka SMPN 1 Banyuwangi siji-jijine peserta hang nggawa aran sekolahan dudu aran sanggar utawa komunitas kesenian. Kawitane lare-lare nom-noman iki milu kegiatan pelatihan hang digagas ambi **Badan Bahasa Kementerian Pendidikan Kebudayaan Riset Teknologi RI** hang disokong ambi **DKB (Dewan kesenian Blambangan)** lan **SKB (Sengker kuwung Belambangan)**. Sakwise milu pelatihan **Revitalisasi Sastra Lisan Macaan Pacul Gowang** sak ulan kepungkur lare-lare nom-noman iku mau aju mulih balik maning nyang komunitas sakperlu nyepakaken pementasane. Kawitane Panitia Pementasan Revitasai Pacul Gowang iku uga kuwatir nyang persiyapane lare-lare hang ana ring sanggar utawa komunitas dhewek-dhewek iki. Mula iku Panitia nganakaken kegiatan *tinjau lapangan* nyang sanggar lan komunitas peserta hang mari pelatihan kanggo mastekaken *kelayakan* tampil lan kesiyapane peserta. *Panitia Pementasan Revitalisasi* terus milu lega serta wis ana pitung grup hang sanggup lan duwe kelayakan tampil ana ring pementasan tanggal 27 Oktober iku.



Peserta Nomer Penampilan 01 Cakrak ungal

Tampil kawitan kelawan nomer penampilan 01 yaiku **Cakrak Ungkal**, Grup teka Cluring. Grup hang duwe kekuwatan hang apik ring badhut lan pertunjukane mbukak pementasan. Kadhung ngomongaken bab timpalan omong usunge, aja ditakoni grup hang dikomendani Andi teka Jelaring Cluring iki. Magih kaya biyasahe Andi hang ana ring tengahan dikuwati ambi Alif, Rafli, Restu lan Niam ana ring pinggir katon dung wis pengalaman ana ring panggung. Usingane katon deles lan lanyah.



Peserta nomer penampilan 02 Spensaba Mileneal

Tampil ana ring penampilan 02 grup Macaan Spensaba Mileneal. Grup iki anggotane paling

cilik-cilik lan paling enom merga kabeh magih sekolah ana ring SMPN 1 Banyuwangi. Naming grup iki cilik-cilik lobok litik masiya magih cilik naming sing keneng dienthengaken. Saksuwene manggung sing keneng diitung penonton kepok merga kaju nyang basanan lan laikan Banyuwangenan hang digawa. Pertunjukane katon seger merga laikan-laikan lan basanane gawenan anyar. Rasane kaya nak jenggirat maning Macaan Pacul Gowang iki merga ana lare-lare nom-noman hang kaya gediki wis bisa tampil ana ring Macaan Pacul Gowang. Iki saktermene hang diarani grup mileneal temenan.



Peserta Nomer penampilan 03 Jiwa Etnik Blambangan

Sakteruse ana ring penampilan 03 yaiku grup teka Singojuruh hang aran Macaan JEB (Jiwa Etnik blambangan). Grup hang nganggo kelambi putih-putih iki nggawa cerita lare sekolah hang duwe gegayuhan hang dhuwur. Tohir hang dadi kommandane Macaan iki katon nduduhaken kemampuawane hang kuwat ana ring panggung. Paran maning ditambah ambi Afis, Adit lan Egy hang ana ring pinggiran katon setel lan sagah nggawa laikan lan basanane. Mawar salah sijine sinden uga milu ana ring pinggiran nguwati grup iki. Sakat magih ana ring pelatihan sabane grup iki mula salah sijine grup hang diperitungaken bakal bisa menang.



Peserta nomer penampilan 04 Gandrung Arum Cluring

Penampilan nomer 04 sakteruse main. Grup hang dikomendani Sukro iki katon tambah kuwat merga dikuwati ambi Menthik salah sijine dhagelan Banyuwangi hang wis kesuwur. Menthik kuwat ana ring laikane hang nggawa ciri laikan Macaan aseli hang sing bisa digawa grup-grup liya. Paran maning ditambah ambi Tina sinden Banyuwangi nom-noman hang saiki mangkat moncer iki. Grup macaan iki arane Gandrung Arum hang teka Cluring. Kadhung urusan ndhagel pancen grup iki juwarane naming kerana iki dudu lomba dhagelan grup iki pungkase nguwati ana ring basanan-basanan anyar hang enak dirungokaken lan nyambung ambi temane.



Peserta No Penampilan 05 Kakeen Gaya Pesinauan Kemiren

Penampilan sakteruse 05 yaiku aran grup Kakeen Gaya. Grup hang dikomendani ambi Jorghy hang teka desa Kemiren iki dikuwati ambi Dio uga

Ilham salah sijine pegiyat Macaan Lontar. Jorghi hang ana ring tengahan nyatane nggawa lakon dhemenan iki mari-mari pinter nggawa penonton hang wis mulai mangkat ngantuk. Nomer penampilan 05 lan sakteruse pancen melebu ring wayah mangkat dalu merga akeh peserta hang sakdurunge ngeliwati pager waktu hang wis ditetapkan panitia.

Naming masiya wis melebu nyang mangkat dalu Jorghi aju ngadeg njuget jugetan Badhut Macaan lan nggawe penonton lan juri dhemen. Jugetane Jorghi ngengetaken penonton nyang Pak Misran Watukebo salah sijine legendaris macaan pacul gowang.

Paran maning ana ring tengahe lakon metu aran perawan loro adik embok hang njaluk pertanggungjawaban dilakonaken ambi Samsul lan Jaka hang dikawiti ambi tantang-tantangan pencak. Penonton kepingkel lali nyang ngantuke. Tibane hang wadon pencake menang.



Peserta Nomer 06 Mbah Gandrung Singojuruh

Sakteruse penampilan nomer 06 Mbah Gandrung teka Singojuruh. Mbah Gandrung dikomendani Alfian hang wis biyasa main ana ring tabuhan. Mbah Gandrung hang dikuwati ambi Rizal, Agil lan Pur Young uga Tohari hang ana ring pinggir. Penonton sing entek kemekelen merga pintere grup iki ngolah kancane dadi barang ewer-eweran.

Mbah Gandrung uga nggawa cerita dhemenan magih sekolah iki enak ring usingane. Basanane

uga katon delese. Sing salah kadhung grup-grup teka Banyuwangi tengahan iki kuwat ana ring lagu lan logat gaya Rogojampi-an.



Peserta No penampilan 07

Penampilan pungkasan nomer penampilan 07 hang aran grup Loro Pikir. Grup asal teka Rogojampi hang dikomendani Ryan iki nggawa lakon Lare Sekolah iki katon enak dirungokaken paran maning dikuwati ambi Cak Gothang hang biyasa main ana ring panggung ndhagel. Bagas, Iqbal lan Cintya uga ana ring pinggir. Grup iki Usingan tengahane katon teges.

Grup hang pungkasan iki tetep gawe penonton betah nganteni masiya mangkat ana ring tengahe dalu. Mestine pementasan hang gediki iki kudu disiplin ana ring waktu makene sing kebablasan yang waktune penampilan. Merga bisa ngerugekaken hang ulih penampilan pungkas. Kabeh penampil rata-rata nabrak nyang watesan waktu yaiku paling dawa ana ring 25 menit. Muga-muga bain kadhung ana pementasan hang gediki durasi waktu bisa dadi uger-uger hang trep lan ditegasi nyang para peserta makene sing ngelantur nyang hang sing-sing. Uga apike, merga mengarepe dikarepaken didhemeni lalare nom-noman, dhagelan *slapstick* hang keseron, kaya nempak endhase kancane sampek kancane kejungkel bisa diilangi. Kapanane tepak Pelatihan. nggeprak endhase kancane nganggo jajang bain wis kudune disuda.

(Moh. Syaiful)

Kenthus, Slamet Penyet, Cak Ikhwan Dadi Guru



Instruktur Kenthus, Pwnyet dan CakWan sedang beraksi

Ali Kenthus, Slamet Penyet lan Cak Ikhwan milu dadi guru ring Pelatihan Macaan Pacul Gowang hang dianakaken telung dina sakat Jumat iki sampek Minggu ring Pelinggihan Dinas Kebudayaan dan Pariwisata.

Paran perlune nguripaken maning Macaan Pacul Gowang hang emeh ilang diterak jaman?

"Dhuh kari seru emane kadhung paran hang bengen digawe ring embah buyut tapi kene hing gelem nguri-uri. Aja-a maning milu nggawe, nguri-uri bain hing gelem ya keseron," jare Dr. Asrif, Kepala Balai Bahasa Jawa Timur hang makili Kementrian Pendidikan, Kebudayaan, Riset dan Teknologi kanggo proyek Revitalisasi sastra lisan Using Macaan Pacul Gowang, nganggo basa Indonesia.

Lalare hang milu pelatihan Macaan Pacul Gowang kanggo *Revitalisasi* Sastra Lisan iki akehe 47 hang didadekaken pirangane grup. Lalare iki daptar makili sanggar kesenian lan sekolah-sekolah hang duwe wigati ring kesenian. "Setemene kebudayaan iku hang kudune ngerawat ya hang duwe, masarakat, sanggar kesenian lan pemma kudune milu ngerawati

pisan, aja mung ngerawati paran-paran hang sekirane bisa dadi picis thok... Delengen Bali, investasine iku kebudayaan, dudu tambang emas," jare wong aseli Wakatobi iki.

Kadhung ana hang uwah teka kebudayaan, iku minangka cara kebudayaan makene sing entek. "Kadhung kene kepingin kebudayaan iki terus ana, ya kene utamane lalare enom iki kudu milu ngerawati. Kadhung sampek kebudayaane iki matek, iku merga kene hang ngarepaken matek," jare pak Asrif.

Jare Sekretaris Dinas Kebudayaan Pariwisata Choliqul Ridho ring sambutanane, apuwa kesenian Pacul Gowang dipilih? Merga kesenian iki wis emeh punah.

Macaan Pacul Gowang setemene wujud kesenian hang nggabungaken ritual macaan lontar Yusup lan seni pertunjukan arupa paculan basanan lan wangsalan. Bengen digawe kesuwur ring pak Aljin lan mak Onah. Sak mareke wong loro iki sampek umur, njumbul Macaan Gaya Baru Campursari tapping durung bisa ngganteni kesuwure grupe Aljin. Sampek-sampek, merga hebate Aljin, keseniane anjrah diceluk kesenian Aljin, dudu kesenian Pacul Gowang.

Ring antarane guru pelatihan iki, ana mbok Wiwin Indiarti hang wis nulis pirangane *transliterasi* lontar Banyuwangi, kayata **Lontar Yusup** lan **Lontar Sritanjung**. Dosen ring Uniba mbok Wiwin hang uga wis ngawiti nggawe kumpulan Macaan Milenial iki, ngenalaken paran iku macaan Lontar hang dienggo ritual, kaya hang ana ring Kemiren lan sak ubengane. Dene teknik Macaan naskah Lontar Pacul Gowang digawakaken ambi Mas Robin hang skripsine nulisaken notasi partitur not balok macaan Lontar Yusup lagu Rogojampian/Aliyan. Hang dianten-anteni yaiku Teknik paculan ring macaan Pacul Gowang hang diduduhaken ambi pelaku propesional kang Ali Kentus ambi Slamet Penyet. Uga Teknik Laik-laikan hang digawakaken ring Cak Ikhwan. Cak Ikhwan iki setemene tukang nabuh keluncing lan pengudang gandrung lan nduwe kemampuan bisa nembangaken kelawan laik-laikan hang has. Hang uga dadi guru ring kene kang Misran teka Macaan Pacul Gowang Gayabaru Campursari. Materi liyane hang uga ana ring macaan Pacul Gowang iku ana Basanan lan Wangsalan diajaraken ring Aden Syahlana, hang nduwe grup WA Basanan lan Wangsalan, ambi Mbok Nani Asiany lan kang Abdullah Fauzi hang uga wis suwi anggone ngugemi sastra Using iki. Wong keloron hang disebut pungkasan iki uga milu dadi tim hang bengen nyiapaken bahan ajar Basa Using kanggo lalare sekolah.

Marek pelatihan telung dina iki, para pesertane nerusaken pelatihane dhewek suwine rong ulan ring sanggare utawa ring sekolahane dhewek, sedurunge milu pentas lan Lomba Macaan Pacul Gowang ring ulan November.

Kelawan anane Lomba iki para lalare generasi enom bisa nduwe cekelan nang paran hang wis diwarisaken ring embah buyute bengen.

Ali Kenthus

Sapa nak sing kenal ambi wong siji iki. Iyane kesuwur ana ring dhagelan janger. Sing mong ndhagel naming uga bisa dadi *host* utawa

pembawa acara ana ring kegiyatan-kegiatan resmi Festival-festival Banyuwangi. Bareng ambi Slamet Penyet lan Ba'i Gopel, Ali Kenthus bengen sakdurunge ana pandemi covid-19 iki iyane meh sing ana lerene anggone ndhagel nguweni hiburan nyang masarakat Banyuwangi.

Ali Kenthus hang lair ana ring desa Gintangan Banyuwangi iki sakteruse sing nyana lan sing nyangka malah *kecebur* ana ring dhagelan. Sakdurunge milu ndhagel ana ring jangeran Kenthus uga tau milu dadi panjak ana ring janger. Sak liyane manjak iyane uga milu janger dadi wayange. Keneng diarani wong lanang hang murah unyik iki akeh tingkac kanggo sinau paran bain hang didhemeni, utamane ring kesenian Banyuwangi.

Ali Kenthus hang duwe aran aseli Akhmad Ali Murtono iki saiki manggon ana ring kelurahan Pakis Banyuwangi masiya iyane lebih kesuwur minangka wong Badhes, naming sakjege umah-umah iyane manggon ana ring kelurahan Pakis Banyuwangi.

Sakliyan ndhagel iyane uga milu *aktip* ana ring Macaan Pacul Gowang sakat taun 1998. Sing salah kadhung iyane paseh maca kitab lontar, yaiku kitab hang digawa ana ring pergelaran Macaan Pacul Gowang. Serta ditakoni sinau nyang sapa maca lontar bisa pinter iyane ngaku kadhung gurune akeh. Mohammad Aliyan, Ahmad Sarbini Cungking, lan Katirin Grogol. Pantès bain iyane lanyah nyang lagu-lagu ana ring lontaran Yusup, yaiku kitab lontar hang akeh nyeritakaken kisah-kisahe Nabi Yusup iku. Mohammad Aliyan, Ahmad Sarbini Cungking, lan Katirin Grogol hang dadi guru-gurune Ali Kenthus pancen wong gothot-gothote Macaan pacul Gowang hang wis kesuwur ring taun 90-an bengen.

Pancen sing akeh generasi Macaan Pacul Gowang sakmarine Aljin ana ring Banyuwangi. Januri, Misran Watukebo, lan Jubaidik Bades iki peneruse Aljin. Bisa dingerteni kadhung regenerasi kesenian macaan Pacul gowang iki sing gampang dilakoni. *Kompetensi* uwonge kudu

mumpuni temenan. Sakliyané bisa maca kitab Lontar Yusup hang ngaggo tulisan arab pegon wong Macaan uga kudu bisa nyang gendhing-gendhing macapatan kuna umpamanae asmarandana/kasmaran, sinom, pagkur, durma lan liyan-liyane. Anggota Seni Macaan Pacul Gowang kaya dene Kenthus uga kudu bisa ngelaik yaiku nembang hang nganggo nada dhuwur sampek methit. Mula iku hang aran suwara ya kudu apik pisan. Mergane kesenian macaan iki aseline ya adol suwara ana ring pergelarane. Tabuhan kayadene kendhang gong lan kethuk mung dienggo saranane iringan bain, hang mesthi beda ambi kesenian gandrung hang nganggo bahola kanggo ater-ater bukak suwarane.

Kompetensi pungkasan hang uga sing kalah pentinge mesthine ya bisa main drama lan bisa ndhagel. Kompetensi hang sing gampang bisa dikuwasani uwong sak uwong iki kirane nggawe kesenian iki dadi kesenian hang angel dikembangaken nyang lare-lare nom-noman hang saiki hang dhemene mung hang praktis lan gampang-gampang bain.


Untunge magih ana kegiatan teka kementerian hang gelem peduli nyang kesenian iki. Tepak ring ulan iki ana Pelatihan Macaan Pacul Gowang ring Banyuwangi tanggal 27 – 29 Agustus hang manggon ana ring Pelinggihan Dinas Pariwisata lan Kebudayaan Banyuwangi Ali Kenthus kedapuk dadi Instruktur/mentor ring pelatihan hang dianakaken Pusat Pengembangan dan Pelindungan Bahasa dan Sastra, Badan Bahasa, Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset dan Teknologi.


Kanggone Kenthus hang tau tampil Macaan ana ring acara *Frankfurt book fair* Frankfurt Jerman taun 2015 iki Pelatyan iki kegiatan hang wis dianten-anteni sakat bengen lan buru bisa kawujud dina iki. Mula iku bareng ambi Slamet Penyet lan M. Ikwan, iyane katone nduwe kekarapan gedhe nyang pelestarian kesenian hang wis meh ilang iki.

Kenthus lan instruktur liyane katon gati lan

temenan anggone mulang muruk lare nom-noman hang akehe 40 uwong iku. Sing luput ring pungkase pelatihan peserta hang didum ana ring petang grup iki bisa tampil apik lan bisa nyenengaken para instruktur lan panitiyane. Peserta pelatihan iki sak teruse arep milu ana ring Festival Macaan Pacul Gowang hang arep dianakaken ring pungkasan dina ulan Oktober 2021 magih bareng ambi Pusat Pengembangan dan Pelindungan Bahasa dan Sastra, Badan Bahasa, Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi hang uga megawe bareng-bareng ambi SKB (Sengker kuwung Belambangan), DKB (Dewan Kesenian Blambangan) lan Pemda Banyuwangi liwat Dinas Pariwisata dan Kebudayaan banyuwangi. Mestine acara iki sing mung dianteni Ali Kenthus lan instruktur-instruktur liyane naming uga bakal dianteni kabeh masarakat Banyuwangi hang dhemen nyang kesenian tradhisional Banyuwangi.

(Moh. Syaiful)





Aljin lan Warisan Pacul gowang

Ditulis ring Nani Asiany Ms

Judhul kang suntulis iki mula kerenteg ngenengi salah sijine kesenian kang ana ring Banyuwangi, lan wangune kadhung sing diuri-uri bisa ilang kegiles jaman merga kelebu sastra lisan hang sing ana cathetane. Kesenian iki arane Macaan Pacul Gowang tapping akeh kang nyingkat ngarani kesenian Pacul Gowang. Lan ana maning kang ngarani kesenian Aljin.

Lah, apuwa kok diarani Aljin? Aran kang kari dhewek iku

mung nyebut aran uwonge hang main (pimpinane). Aran Aljin iki seru kesuwure ring tanggapan Macaan Pacul Gowang. Penulis dhewek kadhung ngarani ya Aljin merga kadhung nyebut aran Aljin, pikiranisun wis gadug nyang tanggapan kang penontone seru ramene. Penonton diejak ngakak sing mari-mari. Biyasahe wong nanggap Aljin iki kadhung duwe hajat utawa iwuh, embuh iku ana kemanten, sunatan, utawa hajat liyane.

Tontonan Pacul Gowang mulai kiyep serta Aljin ninggal donya. Wong duwe hajat mulai milih tanggapan liya kaya Janger utawa Gandrung masiya suwi-suwi Gandrung Terop uga nututi kiyep. Taping kadhung kiyepe gandrung dudu kerana maestrone ninggal donya tapping kerana ana aturan kadhung nanggap gandrung hing ulih ana omben-ombenan maning (ombenan hang nggarahi mabuk kayata bir). Sedheng ombenan iku wis

dadi anjrahe wong maju gandrung, ahire wong hang maju gandrung (jarene), njugede wis hing kemerengse maning.

Kadhung niteni gesahe Kang H. Abdullah Fauzi lan Kang Antariksawan Jusuf, kesenian Pacul Gowang iki wis ngalami perubahan. Ya sing ana salahe merga kesenian iki hing ana pakeme, paran kudune kang dilakokaken lan urut-urutane. Tulisan ngenengi bab Pacul Gowang ya sing ana pisan. Malah Kang Iwan tau takon nyang Pak Ben Arps, wong Landa kang kerep nulis bab Banyuwangi, iyane nyatakaken kadhung *referensi* Pacul Gowang iku sing ana. Ujare cerita macaan nalika jaman Landa, macaan lontaran wis diselani ambi pacul gowangan (nyindhir) tapping sing kathik dhagelan. Jare Kang H. Fauzi (kejuluk Kang Ujik) dhagelan iku njumbul nalikane tontonan Hadrah Caruk. Alat musike kendhang, gong, ambi terbang marawis. Tontonan (kesenian) iki dipara petang babak. Babak kang kawitan utawa pembuka diisi gendhingan diselati lawakan lan tari. Pacul Gowang ana ring babak kaping telu, basanan kang isine elok-elokan utawa wadanan. Serta suwi-suwi Hadrah Caruk mulai kingslep, Aljin hang tau

dadi anggota Hadrah Caruk, ngedegaken Pacul Gowang kang tabuhane mung nganggo kendhang, gong, lan kethuk. Terbang marawis wis hing dienggo maning. Diarani Pacul Gowang merga isine arupa sindhiran. Pacul wis gowang kok magih dienggo macul, gedigu karepe. Makene sindhiran utawa elok-elokan iku sing pati ketara, kalimah sindhirane nganggo wangsalan lan basanan. Dadi ring kene hang dielokaken hing ngamuk malah dadi guyonan. Ning kene Aljin seru pentere kadhung basanan lan wangsalan. Mangkane sing kaju kadhung Aljin ditanggap, penontone sakpirang-pirang. Wong-wong kang nonton patinggemuyu ketheng lan ngakak-ngakak kadhung Aljin wis mulai ndhagel nganggo basanan. Mari basanan aju diselati dhagelan. Kaya gedigu tontonan Aljin iku sampek sing kerasa mara-mara wis bubar.

Kaya kang wis sunterangaken ning ndhuwur, serta Aljin ninggal donya Macaan Pacul Gowang mulai kiyep lan kingslep. Masiya tawis tahun 80an diterusaken ambi Katirin hang bengene dadi anggotane Aljin. Iyane ngarani grupe Macaan Campursari merga wis ana tambahan kesenian liyane ning sela-sela maine.

Tabuhane uga ditambah. Ana kendhang, baolah, gong, lan keluncing. Kang Misran uga nggawe grup arane Macaan Gaya Baru Campursari hang magih ana sampek saiki mung sing pati kesuwur kaya Aljin bengen ika.

Ngawiti pentas, biyasahe dikenalaken sulung aran grupe ambi nggendhing bareng-bareng. Aju macaan ambi dilagokaken utawa suwara hang laik-laik kerana suara laik-laik iki ciri hase tontonan Pacul Gowang, lan sing kathik diiringi tabuhan. Kang diwaca biyasahe Lontar Yusup, riwayat Nabi Yusup AS. Diarani Lontar Yusup merga asale bengen riwayat Nabi Yusup AS iku ditulis nong lontar. Dadi masiya saiki wis ditulis ning buku tapping magih tetep diarani Lontar Yusup. Isine buku uga sing mung nyeritakaken riwayat Nabi Yusup, Lontar Yusup uga nyeritakaken Nabi Daud, Nabi Muhammad lan liya-liyane. Mari gedigu, ditutugaken maca donga. Kerana maca lontar iki dianggep suci, mangkane wong hang nanggap Macaan Pacul Gowang dijuluk nyedhiyakaken peras kang isine ana bekakak (iwak pitik wutuh disanteni) lan banyu arum-arum (banyu diisi kembang telon).

Makene lebih paham ngenengi macaan lontar, sun ceritakaken sithik paran iku Lontar Yusup. Nurut keterangane Mbok Wiwin Indiarti, dosen Uniba Banyuwangi narasumber nalika pelatihan Revitalisasi Macaan Pacul Gowang, njelasaken kadhung Lontar Yusup ring Banyuwangi iku naskah kuna kang ditulis tangan lan disalin terus, uga nganggo tulisan tangan, lan sampek saiki magih diwaca lan digandhangaken (tanpa tabuhan/musik) kayadene macapatan (Jawa), mamaca (Medura), mabasa (Bali) ring acara ritual. Ring acara ritual iku, macaan Lontar Yusup iki lontare kudu dideleh ring ndhuwure bantal, ana sajene kayata kendhi, sak perangkat wanci kinangan kang wis ana isine, rong cingkir kopi pahit, toya arum (banyu sak wadhah kang disemburi kembang), sepiring jajan lan panganan liyane. Suwene maca sewengi jampleng. Kerana sampek saiki macaan Lontar Yusup magih dienggo lan digawa ring acara-acara ritual, ahire Pemerintah Pusat liwat Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan ring tahun 2019 nguweni anugerah kadhung Macaan Lontar Yusup iku Warisan Budaya Tak Benda (WBTB). Anane Macaan Lontar Yusup kira-kira ring

abad 18 serta budaya Islam melebu ring Belambangan.

Serta buku lontar wis mari diwaca kira-kira ulih rong bait lan ndonga ambi nganggo suwara laik-laik mau, aju ditampilaken tari-tarian. Biyasahe tarian kang ditampilaken iku tarian gandrung. Kadhang-kadhang hang nanggap utawa masarakat sekitare nyumbang tarian pisan sakdurunge paculan dimulai. Taping tari-tariane sing perlu akeh merga penonton sing serantan njaluk nyang pemain agage dimulai paculan.

Masiya arti aseline pacul iku sarana kanggo njugeri lemah taping arti paculan ring kene pemain mulai elok-elokan lan wadanan. Pemaine misah dadi rong grup kang tujuane bisa pating saut-sautan nalika paculan (*berbalaspantun*). Taping ya gedigu, isine paculan biyasahe elok-elokan. Kerana iku pemain kudu pinter golet wangsalan lan basanan (pantun) kang isine elok-elokan, hang disampekaken ambi ewer. Maksudelo elok-elokan ring tontonan iki dudu ngejak tukar taping elok-elokan hang ewer (ngelawak). Ngelawak ning kene, mesthi ana lakone kang ceritane ditepakena ambi karepe penonton utawa hang duwe hajat.

Wangsalan, kadhung diterjemahaken nyang Basa Indonesia artine ungkapan. Wangsalan iki gabungan teka rong ucap kang duwe arti/makna husus, ahire arti aseline dadi sing jelas (kabur). Biyasahe wangsalan ditemokaken ring gesah sedina-dina utawa kadhang-kadhang ya ana ring sair gendhing Using. Conto wangsalan kang ana ring gendhing Using, kaya: belimbing bumi (wesah), gelepung sawi (kanji), gelang alit (ali-ali), jahe wana (lempuyang), lincak ndhuwur (paga), lan mbelung nangka (beton).

Penjelasane: belimbing bumi iku woh-wohan kang rupane kaya belimbing taping nguwohe ring lemah. Wong Using ngarani belimbing bumi iku wesah. Serta ning wangsalan duwe arti susah. Saire muni gedigi: belimbing bumi wesah, susah tuwas percuma. Gelepung sawi padha ambi kanji. Serta ning wangsalan dadi janji. Gelang alit iku ali-ali, wangsalane dadi lali. Semono uga jahe wana utawa jahe ring alas kang diarani lempuyang. Serta ning wangsalan duwe arti oyang. Lincak ndhuwur iku paga, wangsalane dadi muga-muga, lan mbelung nangka artine beton, serta ning

wangsalan duwe arti katon.
Lan magih akeh conto liyane
kang ana ring gesah sedina-
dina.

Tuladhane: Takone Mbok
Sulik, "Mbok Rina, apuwa
Rika kari lempe, maning kari
lepruk kaya sing duwe belung
yak, ngelawang banyu tah?"
Lawange banyu iku dham,
serta ning wangsalan
ngelawang banyu iku artine
ngidham.

Basanan, nurut kamus Using
Indonesia kang ditulis ruwahe
pak Hasan Ali, iku padha
artine ambi pantun kang
nganggo basa Using. Ya padha
ambi pantun kang nganggo
Bahasa Indonesia, basanan iku
ana hang rong baris lan ana
hang petang baris. Ring
basanan rong baris, baris kang
nomer siji diarani sampiran,
aju isine basanan ana ring
baris kapindho. Sedheng
basanan kang petang baris,
sampiran ana ring baris nomer
siji lan nomer loro, lan isine
basanan ana ring baris nomer
telu lan nomer papat. Taping
aja lali uni ahire kudu aa
kadhung basanane ana rong
baris, lan abab utawa aaaa
kanggo basanan kang petang
baris.

Conto basanan kang rong
baris:

*Rujak ramonan diuweni buncis
Ngajak dhemenan sing duwe*

picis

*Tuku keciput ring kalipura
Dhung isun luput njaluk sepura*

*Cengkaruk wedang kopi
Isuk kecaruk bengi ngipi*

Conto basanan kang petang
baris:

*Ana lintang ya ana serngenge
Kupu cedhung layang-layangan
Ketang-ketang sun nggadug
merene*

Janji kadhung yara semayanan

*Capil putih yara capil pulkah
Nulih mega katon langite
Arep mulih ya sing kutwat
njangkah*

Ya sing tega ya ninggal unyike

*Gok wis mega ampyak-ampyakan
Medhot sorote lintang lan ulan
Kaya lakon wis tutug pungkasan
Isun rika sewang- sewangan*

Ring paculan iki, pemain
kudu sugih nggolet wangsalan
lan basanan. Masiya tawis
wong Using dhewek magih
beda penemu antarane
wangsalan lan basanan. Ana
hang ngarani wangsalan iku
ya pantun. Taping kanggo
penulis beda iku sing dadi
paran. Kang penting
pertunjukan Pacul Gowang
bisa diuri-uri, magih bisa
diterima masarakat jaman
saiki. Supaya penonton
tambah dhemen, pemaine

Macaan Pacul Gowang
ditambah penari. Engko ring
sela-selane paculan lan
ngelakokaken derama hang
ewer mau, kadhang penarine
tampil njuged Kuntulan,
Gandrung, Janger, tarian
dhaerah, Kendhang Kempul,
utawa dangdut.

Nalika dianakaken pelatihan
Revitalisasi Macaan Pacul
Gowang ring Pelinggihan
Dinas Kebudayaan dan
Pariwisata tanggal 27-29
Agustus 2021 kepungkur,
Pelaku-pelaku seni Macaan
Pacul Gowang kaya Kang Ali
Kenthus, Kang Slamet Penyet,
lan Kang Moh. Ikhwan tampil
apik, kompak, ngibur, uga
nguweni motipasi nyang
peserta. Ring acara iku Pak
Misran, pimpinan grup
Macaan Gaya Baru
Campursari uga hadir lan
nguweni motipasi pisan
nyang peserta kang akeh-
akehe magih pelajar SMP,
SMA, uga sanggar-sanggar
seni lan lare nom-noman. Sing
ketinggalan wong telu nyekel
perangkat Pacul Gowang kang
wujud jajang cilik, entheng
dawane sekitar telung puluh
senti, kang diiris tipis- tipis.
Tujuwane, engko kadhung
ditabokaken nyang kancane
sing kerasa lara. (penulis
nyobak sun tabokaken ring
tangan, mula sing lara blas).

Pelatihan Revitalisasi Macaan

Pacul Gowang ring Banyuwangi iku dianakaken Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset dan Teknologi kang ana ring Pusat lan Jawa Timur, kerja bareng ambi Pemerintah Daerah (Disbudpar), DKB, lan Sengker Kuwung Belambangan (SKB), kang sedurunge pelatihan, Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa iki duwe program Revitalisasi Sastra Lisan kang emeh punah. Sasarane dipilih kesenian kang ana ring Banyuwangi. Serta wis digesahaken bolak balik kelawan dhiskusi antara Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa Pusat kang dipimpin Pak Nur Achid Prasetyawan, teka Jawa Timur diwakili Pak Dr. Asrif, teka Disbudpar diwakili H. Fauzi, Kang Antariksawan ketua Sengker Kuwung Belambangan, lan kanca-kanca DKB kaya Hasan Basri (ketua), penulis, lan Slamet Hariyanto (Momo). Ahir dhiskusi disepakati supaya kesenian utawa sastra lisan tradhisi kang wis emeh punah utawa kingslep bisa njumbuh maning, perlu *Revitalisasi*. Sedheng sastra lisan tradhisi kang tau ana lan tau jaya ring Banyuwangi ahire disepakati kadhung Macaan Pacul

Gowang, kesenian sastra lisan tradhisi kang perlu *direvitalisasi*.

Wong telu para pelaku Macaan Pacul Gowang ring Pelatihan Revitalisasi, wis padha mapakaken awake. Kang dadi badhut manggone ana ring tengah (Kang Slamet Penyet), sedheng Kang Ali Kenthus lan Kang Moh. Ikhwan bagian Macaan pinggiran, ana ring kiwa tengene Kang Slamet Penyet. Wong telu iku duwe keistimewaan dhewek-dhewek. Kang Slamet Penyet pinter mancing paculan, Kang Ali Kenthus seru ewere, lan Kang Moh. Ikhwan seru kuwate kadhung laikan. Kadine peserta pelatihan sing ngantuk, malah nalika ana grup peserta praktek nggawakaken macaan Pacul Gowang, peserta liyane sing leren-leren ngakak. Pengajar-pengajar pelatihan kaya Mbok Wiwin, Mas Robin, Mbok Nanik, Kang H. Ujik, lan Kang Aden Syahlana milu girang serta ndeleng peserta bisa meraktekaken Macaan Pacul Gowang.

Ring ahir pelatihan, Pak Nur Ahid lan Pak Asrif nyampekaken kadhung pelatihan iki ana tindhaklanjute yaiku arep dianakaken pementasan kang waktune kira-kira rong ulan

engkas. Pementasan iku sekaligus dianakaken penjurian kanggo milih juwara. Ana juwara siji sampek telu, ana kang laikane paling apik, lan naskah (sinopsis) dipilih hang paling apik pisan.

Serta ngerungokaken penjelasan wong Kementerian kadhung arep dipentasaken lan dilombakaken, sakmarine pelatihan lare-lare peserta padha nggawe kelompok (grup) kang anggotane bisa milih, sing kudu sak kelompok nalika pelatihan. Kira-kira wis ulih sak ulan setengah, para panitiya padha ngecek kelendi kesiyapane grup (kelompok) ngadhepi pementasan. Malah sing mung panitia kang ngecek, pelaku Macaan Pacul Gowang uga keliling masdakaken kesiyapane pementasan.

Tanggal pementasan wis dipastekaken. Rencana pementasan arep dianakaken dina Rebo malem Kemis tanggal 27 Oktober 2021. Panggonan pementasan nong latare Kantor Disbudpar. Panggonane terbuka, sing kathik nganggo terob-teroban. Panitiya sing kuwatir udan merga arep njaluk tulung nyang pawange udan supaya kadhung udane cicir bisa dialihaken ngalor utawa ngidul, ngetan utawa ngulon

ngetutaken lakune angin. (Penulis lan kanca-kanca ambi guyanon ngarani pawang udan iku mentering penerangan).

Rong dina sedurunge pementasan, Pak Ahid lan Pak Radityo teka Kementerian wis teka ring Banyuwangi. Kerana DKB duwe kerjasama ambi Radio Blambangan FM, lan setengah ulan sepisan ngisi acara Serat Blambangan ring dina Selasa malem Rebo, ya tepak wis kadhung Pak Ahid kang teka Badan Bahasa Kementerian Dikbudristek iku dijuluk ngisi acara Serat Blambangan bareng ambi ketua panitiya (Pak H. Bambang Lukito), lan Ali Kenthus pelaku Macaan Pacul Gowang. Ring kana dijelasaken paran hang dadi alasan dianakaken pelatihan lan pementasan Macaan Pacul Gowang. Wis kaya biyasahe, acara kang dianakaken wayah Selasa bengi iku, tetep disambut antusias. Paran maning kang dadi *host* Kang Ricky Byaen. Acarane bisa tambah rumang kanggo kang ngerungokaken.

Sakat malem Rebo sampek soren kisuke, panitiya liyane wis mulai tata-tata panggonan pementasan. Dekorasi digawe sedherhana taping cukup nyeni. Lampu pentas wis temata. Pelungguhan kanggo

undhangan (Bupati) lan tokoh-tokoh wis dijejer digawe saben meja diubengi limang kursi. Tataan kursi sing digawe akeh merga magih kudu nerapaken protokol kesehatan. Tulisan ring keber muni "Pementasan Revitalisasi Sastra Lisan Berbasis Komunitas Macaan Pacul Gowang". Kerana hang arep tampil iku lare-lare nom-noman saingga pementasan Macaan Pacul Gowang iki diarani "Macaan Pacul Gowang Milenial".

Pementasan lan penjurian diangkat. Bupati kang bengi iku diwakili Bapak Ir. Guntur Priambodo, nyampekaken kadhung acara iki disokong ambi pemerintah daerah. Malah Pak Asisten janji kadhung ana acara, grup


Macaan Pacul Gowang pelestari kesenian iki arep diundang.

Saben grup tampil apik-apikan. Kabeh peserta diiringi panjak gawane dhewek. Masiya waktu diwatesi paling akeh 30 menit taping nyatane kabeh peserta tampil lebih dawa waktune. Pemenang ugaajudiumumaken. Bengi iku pisan, penulis ngerasa *optimis* kadhung Macaan Pacul Gowang bisa diuripi maning serta ndeleng tampilane lare-lare. Mungguha damar, kang sedurunge mulai kiyep lan emeh kebes, mulai barak masiya tawis penulis sing weruh sampek kapan barake. Kadhung wis gedigi lan ati digawa seneng, sing kerasa tontonan iki mara-mara bubar.



Tutburi Aljin lan kelangan Dalan

Ditulis ring Kang Ujik



Isun dhemen ndeleng tontonan nalikane umur limang taunan. Kala semono Kampung Kerantigan durung dirambati setrum PLN. Sadheng-sadheng kayu ring bucu-bucu pertelonan dalan mung dipasangi dop 5 watt, dikudhungi tutupe panci alumunium. Isun sing ngerti, nawi bain kampung liyane ya padha ambi kampungisun. Kadhung samarwulu teka, hawa sintru milu kerasa. Naming, masiya gedigu, kampungisun dadi rame nalikane ana dulur kang duwe iwuh kemanten surup utawa tepak ana sunatan,

nanggap tontonan. Salah sijine tontonan kang gelis diundang yaiku Kesenian Aljin. Sak rombongan dibagi telu. Bagian musik ana kang nabuh kendhang, kethuk, keluncing lan gong gedhi. Golongane Aljin ana 3 (telu) keibu Aljin direwangi Mak Onah lan Kang Sapi'i.

Golongane Januri uga ana 3 (telu) yaiku Januri direwangi Katirin lan Ahmad Sarbini. Rombongan iku kadhung kundangan dipanggokaken ning jerambah ukuran 4 musuh 8, dhuwure semeter. Ring ndhuwur jerambah iku, golongane tabuhan

dipanggokaken ana ring mburine Aljin lan golongane Januri ana ring ngarepane Aljin. Tontonan kang diangkati jam woluan iku dikawiti kelawan maca lontar disambung paculan kang isine wangsalan/basanan, gendhing lan tabuhan. Adate kang mangkat sulung golongane Aljin. Gadug tengah wengi kira-kira jam rolasan diganti golongane Januri.

Taun 70-an iku ning endi ana kesenian Macaan Pacul Gowang isun sak kancaan mesthi ndeleng: "Ayok ndeleng Aljin yuk!". Kadhung wis ana kang ajak-ajak gedigu iku, sing kathikan semaur maning, aju nyoplok sarung lan beruwat bareng-bareng. Ngarepaken subuh mulih melebu langgar. Mari subuhan aju ngorok anter-anteran ring langgar.

Kesenian Aljin wangune rada suda main ring panggung-panggung nalika Ria Record mangkat ngerekam kesenian-kesenian Banyuwangen kayadene Damarulan (Wargo Budoyo-Pengantigan Banyuwangi), gendhing-gendhing Gandrung, Angklung, Kendhang Kempul lan kelebu uga kesenian Macaan Pacul Gowang Aljin. Kerana masarakat kang ngundang wis suda, Pemerintah mikiraken kelendi carane kesenian Macaan Pacul Gowang iku sing gancang kimples. Kawitan, Radio Kusus Pemerintah Daerah (RKPD) genteng-gentun muteri kaset pita kesenian Banyuwangen kelebu Macaan Pacul Gowang saben malem minggu. Dadi anane perkembangan teknologi, kesenian-kesenian akeh kang sing diundang masarakat. Kerana masarakat kadhung kangen kesenian Aljin, cukup nyetel nganggo *taperecorder*. Paran maning kadhung nyetel sampek ana kang ngunggahaken suwarane ring corong/alo-alo. Kaping pindho, kesenian Aljin diundang Pemerintah kanggo pentas hiburan ring Gesora

(saiki Gesibu) Blambangan. Tau uga dipromosikaken ring Taman Ismail Marzuki Jakarta sekira taun 1974. Kala semono, tokoh teater Nano Riantiarno tau ngomong kadhung kesenian Aljin iku conto teater modern. "Mulane, lare nom-noman aja pati ngajok-ngajokaken kesenian teka bangsa liya. Merga kesenian ring pelosok-pelosok negeri lebih hebat lan lebih maju," abane Nano nalikane nguweni pelajaran ning peserta Diklat Teater sak Jawa Timur ring hotel Rembang-Jember taun 2000 kepungkur.

Nalika HUT kaping 50 Proklamasi Kemerdekaan RI (taun 1995), Pemerintah Kabupaten Banyuwangi bareng ambi Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Timur nganakaken lokakarya 10 dina ring Hotel Pinangsari. Pesertane yaiku: Abdullah Fauzi, Subari Sofyan, Sahuni, Sumitro Hadi, Sutedjo Hanafi, H. Andang CY, BS. Noerdian, Hasan Singodimayan, Hasan Ali, Soemartini Moenaris, Dariharto lan peserta dhayoh yaiku ahli musik tradisional kelas Internasional, Kang Ando. Rencanane ring acara 10 dina iku, sabendina bisa ngasilaken buku kesenian kang dibahas. Dina kawitan ngundang grup Hadrah Kuntul Lanang. Grup iku dikongkon tampil sak jam. Mari tampil sak jam iku saben-saben peserta dipasrahi tugas dhewek-dhewek secara kelompok. Abdullah Fauzi kumpul ambi H. Andang CY, BS. Noerdian uga Hasan Ali nakon-nakoni masalah syiir-syiir sholawatan kang dilantunaken. Uga syair-syair lagu Nasional kayadene Garuda Pancasila, Maju Tak Gentar lan liya-liyane. Sutejo Hanafi lan Sahuni takon-takon masalah tabuhane, Subari Sofyan, Sumitro Hadi lan Bu Soemartini Moenaris ngurusi masalah ubah lagake jugedan, dandanan lan paesane. Kala semono njumbuh uga Niluh kang magih dadi Mahasiswi Sekolah

Kesenian Denpasar dadi salah-sijine peraga ubah-ubede jugedan Bali lan Janger Banyuwangi. Ngenengi masalah kesenian Hadrah Caruk, kayane ana gandheng renteng ambi njumbule kesenian Aljin. Kesenian Hadrah Caruk iku dudu Kuntulan Caruk. Tapi wujud grup kesenian kang tabuhane arupa gong, kendhang lan marawis (terbang cilik utawa keplak). Tampilane dikawiti Macaan lontar aju disambung banyolan kelawan wangsalan. Serta dijuger-jugeri, Aljin iku anggota Hadrah Caruk taun 50-an kang paling enom. Kerana kanca-kancane ring kesenian Hadrah Caruk wis akeh kang ngepos, Kang Aljin nyempal teka Hadrah Caruk ngedegaken kesenian Macaan Pacul Gowang. Kerana tokoh central Kang Aljin, masarakat ajunyebut kesenian Aljin.

Para Pelaku kesenian Aljin wis emeh kabeh pamit ninggalaken penggemare. Katirin, salahsijine anggota kang magih ana kala iku ngedegaken Macaan Campursari. Isine ya campur-campur. Sak jerambah ana kubunge kaya Janger, tabuhane ya campuran Janger, Gandrung, Angklung, Kuntulan lan uga ana kecampuran *keybord*. Barong uga digotong ring ndhuwur jerambah Macaan Campursari. Nalikane kesenian Aljin magih melaku, sing weruha ring "dalam sebelah" ana tokoh-tokoh kang uga njumbul yaiku Misran Watu Kebo lan Jubaidik. Misran lan rombongan "Macaan Pacul Gowang Gaya Baru", nyalip lakune rombongan Katirin. Rombongan Jubaidik uga ceceran. Anane Macaan Pacul Gowang Gaya Baru dikuwataken kelawan milune tokoh-tokoh enom kayadene Aserik, Selamat Penyet, Arba'i, Ali Kenthus lan liya-liyane. Grup iki uga tau diundang Disbudpar Kab.Banyuwangi kanggo aktualisasi seni budaya daerah ring panggung seni Taman

Blambangan. Masiya tokoh-tokoh iku gabung ambi Misran, tapping nyatane lebih gelis ngisi lawakan ning panggung-panggung Janger secara freeline. Artine, Ali Kenthus, Selamat Penyet, Arba'i lan ana uga Heri Plecer ditambah Memet, masiya kadhang-kadhang kecaruk sak panggung Janger, tokoh-tokoh iku dhemene ngadeg dhewek-dhewek. Merga jare, kang duwe gawe iku penjaluke beda-beda ngenengi masalah sapa pelawake. Kadhung Janger bengen, sapa Dhayune?

Serehne tokoh Jubaidik lan Misran wis ngadhepi wayah samarwulu, Dewan Kesenian Blambangan kang disupiri Man Hasan Basri ulih semprongan angin seger teka Kang Nur Achid Prasetyawan teka Badan Bahasa Kementrian Pendidikan, Kebudayaan, Riset dan Teknologi. Kang Nur Achid duwe program Revitalisasi Sastra Lisan kang disawang kaya rada ilang ring tengah uripe lare enom-noman. Angin seger iku disaup Man Hasan, kerana ring Banyuwangi ana kesenian kang isine kenthel ambi njumbule sastra lisan yaiku Macaan Pacul Gowang. Gancange cerita, Kang Nur Achid ambi tim-e, teka ring Banyuwangi nganakaken rembugan kanggo mujudaken rencana kang wis dimusawahaken liwat *zoom* ring dina-dina sedurunge. Ulihe rembugan, sepakat Badan Bahasa megawe bareng ambi Dewan Kesenian Blambangan, paguyuban Sengker Kuwung Belambangan kang dipandhegani Kang Antariksawan Jusuf lan Dinas Kebudayaan dan Pariwisata Kabupaten Banyuwangi. Program iku dianakaken rong ceplik. Ceplik kawitan dianakaken Pelatihan Macaan Pacul Gowang lan ceplik kapindho, asile pelatihan aju dianakaken Lomba Macaan Pacul Gowang Milenial tanggal 27 Oktober 2021 ring latar Disbudpar.

Man Aljin lan Kesenian Pacul Gowang Sindir-sindiran Nganggo Wangsalan lan Basanan

Ditulis ring Eko Budi Setianto

Embuh merga kesenian iki wis mangkat ilang utawa mula isun hang enget-engeten seru nang guyonan lan muyabe Man Aljin sak kancaan, hang jelas kesenian aseli Banyuwangi iki sampek seperene magih dadi angenane wong akeh.

Hang paling hun engeti yaiku kala salah sijine anggota grupe Man Aljin hang aran katirin wis kebentel ambi tingkah lan omongane Man Aljin, iyane langsung mbales nganggo basanan:

"Belencong uwohe pile, Man Aljin moncong bacote akeh upile."

Elok-elokan lan sindir-sindiran nganggo cara basanan lan wangsalan, hang biyasahe ditambahi padu-paduan hang lucu, bisa nggawe uwong-uwong hang ndeleng padha ngakak hing marek-marek sampek pementasan iku bubar ngarepaken subuh. Ya gedigu iku wis tingkah polahe lan isine kesenian Pacul Gowang. Merga jaman semono

grupe hang paling kawentar dipimpin ring Pak Aljin, sampek-sampek aran kesenian Pacul Gowang uwah arane lan hang kasebut ring uwong-uwong yaiku kesenian "Aljin", hang ngalami masa jaya-jayane ring taun 1970-1980an.

Masiya kadhang rada keblabasan, naming noring guyonane kang has iku nyatane ya akeh wewarah, weluri lan pesen-pesen moral hang metu teka para anggotane grup Aljin.

Sindir-sindiran lan elok-elokan hang dibungkus ring wangsalan lan basanan iku hang nggawe tontonan Pacul Gowang hing tau sepi teka cekakane wong-wong hang ndeleng.

Minangka seniman sejatim, kepinterane Man Aljin kala dadi "Aljin" nong kesenian Pacul Gowang iku mula rada sara golet padhanane. Guyonan, wangsalan lan basanane bisa nggawe kesenian hang didhemeni wong Banyuwangi iku bisa malih rupa arane dadi

aran pemimpin grup hang nggawa. Masarakat kaya wis hing gelem maning nyebut aran keseniane taping malah nyebut aran pemimpin grupe yaiku "Aljin."

Kesenian hang lair utawa nyeliwah teka Macaan kitab Lontar Yusup iki saikine mula wis keneng diarane "ilang." Anggota-anggota kesenian iku kaya Jaenuri, Katirin lan Mak Onah wis padha ninggal donya. Man Aljin dhewek ninggal donya taun 1987 kepungkur. "Anang Aljin niku tiyange supel lan dhemen guyon. Pinter ngemong teng anak buahe," jare Sukesih, tanggane Man Aljin ring desa Genteng Wetan. Mbok Sukesih iki tau milu kesenian iku suwene rong taun sedurunge bubar.

Sak liyane tanggapan nang wong-wong iwuh, muyab lan guyonane kesenian hang diedegaken kira-kira taun 1950an iku uga akeh direkam nong pita kaset. Malah ana album rekamane hang wis nggadug nang negara landa. "Bengen tau kang Aljin cerita nang isun, jare tau ditawani main nang negara landa kana. Taping iyuanane hing gelem merga hing bisa ngomong cara Landa," jare Katirin. Nirokaken Man Aljin, Katirin ngomong gedigi: "...Byek wurung bain wis Lik. Mengko aju nong kana Isun kelendi ngomonge?" jare Katirin hang mulai milu grup kesenian iku ring taun 1970.

"Kang Aljin iku mula uwonge ewer. Angger uwong ketemu iyane, mesthi dipancing-pancing pitakonan paran bain. Merga angger-angger jawaban hang diucapaken, mesthi bisa nggawe uwong gemuyu," tambah ruwahe Man Katirin, kala gesah ambi penulis ring umahe nong Dusun Mangli, Desa Grogol, Kecamatan Giri, pirang taun kepungkur.

Katirin dhewek milu gabung ambi kesenian Pacul Gowang iku ngganteni Man

Hasyim, lakine Mak Onah hang sampek umur. Sak njabane panggung kesenian, Aljin, seniman hang lair 30 Juni 1921, uwonge iki mula blaka suta paran anane, luwes lan dhemen guyon.

Sak liyane dadi seniman, sedina-dinane Man Aljin uga dadi makelaran sepidhah. Emeh sabendina Man Aljin kumpul gesah ambi kanca-kancane anggota PDS (Persatuan Dagang Sepeda) ring Pasar Loak Genteng Wetan.

Sak peninggale Man Aljin, mula ana kanca-kancane anggota grup kesenian Pacul Gowang hang nerusaken lakone ring kesenian tradhisional iku. Salah sijine, Jubaidi hang dadi anak pupone Man Aljin, hang ngedegaken grup Macaan Pacul Gowang "Lare Osing." Grup anyar hang manggon ning Dusun Mades, Desa Karangbendo, Kecamatan Blimbingsari iki uga ngajak para bekas anak buahe Man Aljin liyane yaiku Katirin lan Misran. Naming grupe Man Jubaidi uga wis lawas nana kabare.

Wangune, kesenian Pacul Gowang iki bakal nguntup maning sak wise kesenian iki diuripaken maning ring Badan Bahasa Kementrian Pendidikan, Kebudayaan dan Riset hang digarap bareng ambi Dewan Kesenian Blambangan, Sengker Kuwung Belambangan lan difasilitasi uga ring Dinas Kebudayaan dan Pariwisata Banyuwangi.

Grup-grup Macaan Pacul Gowang anyar hang munggah noring acara pestipal hang diarani "Pementasan Revitalisasi Sastra Lisan Berbasis Komunitas Kesenian Pacul Gowang" hang dianakaken ring latar ngarepan Kantor Disbudpar ulan Oktober kepungkur, wangune bakal bisa nerusaken muyab lan guyonane Man Aljin sak kancaan. Muga-muga!



Kepengarangan Yusri Fajar

Yusri Fajar lair ring Banyuwangi Jawa Timur. Iyane marekaken kuliya sastrane ring Universitas Bayreuth Bayern Jerman (2008-2010) kelawan sponsor Dinas Pertukaran Akademis Pemerintah Jerman (DAAD), Short Course bidang Learning Community ring Leeds University Inggris (2007), lan program *visiting scholar* ring bidhang Sastra Amerika *Kontemporer* ring University of Louisville Kentucky USA (2016) kelawan sponsor US State Government.

Saksuwene ring Amerika uga miloni kuliya tamu ring University of Indiana, Bloomington, University of California Berkeley, Los Angeles lan Washington D.C.

Agustus 2017, Yusri miloni Program Residency Asean Jepang lan pidhato ring Asean Literary Festival. Ulan Desember 2018 Yusri miloni Program Muhibah Budaya: Creative Writing

Program ring Kuala Lumpur Malaysia.

Yusri kuliya S1 Jurusan Sastra Inggris Fakultas Sastra Universitas Jember.

Sakat tahun 2003 Yusri dadi dhosen ring Program Studi Sastra Inggris Fakultas Ilmu Budaya Universitas Brawijaya. Yusri dadi anggota Komite Sastra Dewan Kesenian Jawa Timur (2014-2019) lan megiyet ring Komunitas Pelangi Sastra Malang. Yusri tau dadi pemakalah ring Konferensi Humaniora (2011) Penang Malaysia, konferensi Cultural Studies (2012) Osaka Jepang, Temu Penyair Nusantara V Jambi (2013), lan Temu Sastrawan MPU ring Kupang (2015). Tahun 2015 menyang nang Seoul Korsel. Dene taun 2009 Yusri miloni Baca Sastra ring James Joyce Foundation Zurich Swiss. Sak suwene ring Eropa iyane uga menyang nang Praha Republik Ceko, Paris, Roma Italia, Salzburg Austria, Lucern lan Zug

Swiss, uga pirangane kutha ring negara Landa kayata Amsterdam, Leiden, Rotterdam, lan Den Hag. Puisine diuwot ring Antologi Bersama kayata "Kamus Kecil tentang Cinta" (Kedai Kreasi, 2016), "Jejak Tak Berpasar" (KSI 2015), "Kata Cookies Pada Musim" (Katakita, 2015), "Akulah Musi" (PPN V), "Pesta Penyair Jawa Timur" (DKJT 2010), "Tanah Pilih" (TSN Jambi 2008), "Kenduri Puisi" (2008, Ombak Yogyakarta), "128 Penyair Menuju Bulan" (2007). Cerpen-cerpene diuwot ring antologi "Pledoi" (Mozaik, 2009) lan antologi cerpen "Festival Sastra Bulan Purnama Majapahit" (Dewan Kesenian Mojokerto, 2010). Tulisan-tulisane diuwot ring Horison, Kompas, The Jakarta Post, Media Indonesia, Jawa Pos, Republika, Koran Seputar Indonesia, Jurnal Literasi, Jurnal Atavisme, Harian Surya, Tribun Jabar, Radar Surabaya, Surabaya News, Radar Malang, Radar Banjarmasin lan Malang Post.

Ring ngingsor iki asile wawancara redaksi Lontar Using ambi yusri fajar.

1. Nulis iku wis sun anggep kaya bagiyane teka jiwa lan uripisun. Kelawan nulis isun ngerasa bisa ulih kepuwasan batin. Ngasilaken tulisan kanggone isun uga dudu pekara golet *popularitas* lan *materi*, naming lebih teka kelendi awak dhewek milu urun kanggone nyurasani makna dinamikane urip hang bisa sun emataken lan sun terjemahaken kelawan tulisan.
2. Isun ngupayakaken bisa nyampekaken pesan moral kelawan cara *implisit*, sing belaka suta merga isun sing kepingin kaya ngguronni wong hang maca. Minangka penulis, isun uga lebih kepingin ngewani kesempatan nyang kabeh uwong hang supaya nggunakaken pikiran kritis lan pengetahuane kanggo milu nyurasa nyang karya hang sun tulis. Kelawan cara

gedigu, isun bisa dadi sumber kanggo gesah lan njugeri makna hang sing kudu *monolitik*.

3. Seperene isun dhemen nyang tema-tema *lintas budaya* lan *dialog antar bangsa*. Liwat pilihan iku, isun kepingin nggawa kabeh hang maca nyang jagat hang lebih wera jangkep ambi maneka warna perbedaane. Mesthi bain, mekene hang maca lebih ketarik isun nyiptakaken tokoh-tokoh hang beda bangsa utawa tokoh teka bangsa liyan hang manggon ring negara liya. Masiya gedigu, isun tetep ngupayakaken bisa ngelebokaken unsur lokal ring karya-karya *cosmopolitan* hang sering sun tulis. Kanggonisun, unsur-unsur lokal dadi ciri has hang *unik* ring njerone narasi-narasi global antar bangsa.
4. Majalah Lontar Using bisa dadi media hang apik kanggone pemertahanan lan pengembangan budaya lokal. Peran majalah Lontar Using minangka media kanggo sosialisasi hazanah budaya kanggone generasi milenial uga penting. Merga iku, isi (arupa liputan lan karya) mutakhir ngenani perkembangan budaya bisa narik perhatian pembaca remaja lan wong enom-noman.

(Oktavia)



Para Pemenang Anyar ring Lomba Nganggit Nganggo Basa Using 2021



"Ring karya tulise Kiki iki, wis metu cirine awake dhewek. Yaiku wis posisi terakhir dalam karya seni, kadhung identitas senimane wis metu nong karyane," gedigu jare salah siji juri, Moh. Syaiful, nggawe ukuran kelendi cerita cendhek hang apik.

Kiki, celukane Ridzkiya Karimatus Sholeha, wis ping kaping-kaping ulih juwara Terbaik lan ring iwuh iku kumpulan cerita cendheke hang nduweni judhul "Kembang Galengan" diluncuraken.

Ring iwuh Pengumuman Pemenang Lomba Nganggit Cerita Cendhek Basa Using kaping IX 2021 iku, sak liyane ana peluncuran buku Kembang Galengan, ya ana buku Kembang

Ronce 2020 hang dadi wujud kumpulan cerita cendhek asile Lomba taun 2020 sore.

Syaiful ngakoni gok taun iki tambah akeh penulis-penulis hebat hang rata-rata nulis 5-7 halaman cerita hang apik-apik. Syaiful ngomong gok dewan juri megawene kerasa saya abot tahun iki merga akeh penulis anyar hang mara-mara milu, ceritane apik lan ndadekaken biji ceritane parek-parekan.

"Kiki bisa nyeritakaken keusingane, sampek nang awake. Ana wong loro hang bisa gedigi, hang sepisan Nur Holipah lan Kiki. Holip masiya nulise apik, bengen magih tetep bain milu pelatihan," tambah Syaiful. Holip iki saiki dadi salah siji juri ring Lomba iki.



Dene lare sekolah, sakat ana pageblug, mula saya suda hang milu. Tepak diomongaken nang ketua Dewan Kesenian Blambangan (DKB), kang Hasan Basri sedina sedurunge, kang Hasan ngomong mula pelajaran daring ring umah nggarahi semangate lalare saya kimples.

"Masiya saiki wis melebu setengah-setengah, lalare magih durung bisa kaya sabene," jare kang Hasan hang uga wakil kepala sekolah ring SMPN1 Banyuwangi.

Taun iki, lalare sekolah SMP lan SMA mung ngirim 6 karya. Merga saben kategori mesthine minimal ana limang peserta, lare SMP lan SMA didadekaken siji.

Pemenang kategori lare SMP/SMA yaiku:

Terbaik 1: Vidya Dzurotun Nafisa kelawan judul Belang Telon

Terbaik 2: M. Ghani Shaka kelawan judhul Dulit

Terbaik 3: Kezia Kalonika kelawan judhul Kepilis.

Ring kategori umum, wong-wong hang tau menang sedurunge, kayata Maesa Dee, Mahawan, Andisep Kurniawan, Ida Nur Safitri, Nur Aini kudu ngakoni gok ana penulis-

penulis anyar hang nduwe cerita cendhek apik-apik.

Terbaik 1: Urip Limartono Aris kelawan judhul Tobat

Terbaik 2: Nur Hidayah kelawan judhul Tuku Welas

Terbaik 3: Lirix Al Harir kelawan judhul Ring Ndhuwur Langit Ana Langit.

Iwuh hang dianakaken ring Aula Sonangkara Kecamatan Kota iku uga ditekani Pak Camat Moh. Lutfi hang milu nyumbangaken suwarane dienggo hiburan kelawan nggawa gendhing Nyulayani Janji, diiringi tabuhan teka Joyokaryo, lalare enom teka sanggar ring Sawahan pimpinane Nuno Sutejo.

(Kang Aang)



Musium Gandrung ring Banyuwangi



Nggenepi Bangunan panggung kesenian hang wujud 'Omprog Gandrung', nung sak ubenge Waroeng Kemarang hang ana ring Desa Tamansuruh, Kecamatan Glagah, bakal dibangun Musium Gandrung. Rencana nggawe musium iku diceritakaken langsung ambi Pak Wowok Meirianto hang duwe Waroeng Kemarang, kala nguweni sambutan ning acara penutupan acara "Lomba Gandrung Gurit Mangir", Sabtu kepungkur.

Jare kang Wowok rencana mbangun musium iku minangka mujudaken paran hang dikepingini ambi para putu lan canggahe ruwahe Mbah Semi, Gandrung wadon kawitan ring Banyuwangi. Sak liyane iku, anane Musium uga penting seru dienggo njaga weluri tinggalane leluhur lan dienggo ngumpulaken paran-paran bain hang ana hubungane ambi kesenian tinggalane leluhur iku. "InshaAllah

Hun wujudaken," ujure kang Wowok.

Mengarepe, musium iku bakal diisi ambi maneka barang hang ana hubungane ambi kesenian Gandrung. Mulai teka omprog, penganggo, tabuhan, sampek nang uba rampe liyane. "Pokoke paran bain hang ana hubungane ambi kesenian gandrung, bisa dideleh nang musium. Uga poto-poto kuna gandrung," jare kang Wowok.

"Keluwarga ahli warise Buyut Semi wis setuju tinggalane embah buyute arep dipajang ring musium iku." Salah siji keluwarga Buyut Semi uga nekani iwuh Lomba Gandrung Gurit Mangir ring Waroeng Kemarang kono.

Disindir ngenani bangunan-bangunan hang ana hubungane ambi seni hang dibangun nganggo picise dhewek, kang Wowok ngaku kabeh iku dudu merga iyane munggah alem utawa kepingin dialem, tapi minangka wujud terimane nang tanah kelairane, Desa Tamansuruh. "Ya mung iki hang bisa Sun lakoni. Iki kabeh minangka rasa terimanisun nang tanah kelairan. uga nang kesenian asli Banyuwangi hang mula Hun dhemeni sakat Isun magih enom bengen," jare kang Wowok, mungkasi gesah ambi penulis.

(Budiosing S)

Lomba Gandrung Gurit Mangir



Kadhung ndeleng semangate lalare lan masarakat ring Lomba Tari Gandrung Gurit Mangir Tingkat Pelajar se-Kabupaten Banyuwangi, mesthine atine wong Banyuwangi bisa nggundha latar.

Kelendi nak using, jare Koordinator Panitia kang Suko Prayitno, pememane wis rata teka kulon, wetan, elor, kidul.

"Artine kanggo kesenian gandrung wis padha kabeh kemampuane, hing Using, hing Jawa utawa Medura. Dhemen seru ndeleng kahanan gedigu," jare kang Suko.

Paran maning kadhung ndeleng gok acara iki digendhong indhit ambi para seniman. Setemene Tari Gandrung Gurit Mangir iki dadi tema Gandrung Sewu taun iki. Tarine wis digawe lan diajarkan nong sanggar-sanggar tari, aju cumpune acara Gandrung Sewu wurung dianakaken. Para guru uga mikiraken nasibe murid-muride hang perlu sertipikat kanggo melebu nong sekolah lanjutane liwat cara Jalur Prestasi. Lomba iki bisa didadekaken sarana.

Pungkasane Paguyuban Pelatih Tari dan Seniman Banyuwangi (**Patih Senawangi**) rundhingan lan setuju nggelar acara iki kelawan bandha dhewek. Paran maning saiki anggota Pelatih Senawangi iki saiki nduwe sanggar dhewek-dhewek. Taping merga kahanane magih ana pageblug, cara pelaksanaane rada dipencar ring petang zona. Tepak ngadhep nang Kepala Dinas Kebudayaan dan Pariwisata (Disbudbar) M. Bramuda, pak Suko njaluk dianakaken ring panggonan jujugan wisata. Pak Bram nyanggupi mbantu dianakaken nong hotel.

Zona I dianakaken ring **Waroeng Kemarang** kanggo lalare hang teka wilayah Kecamatan Banyuwangi, Giri, Glagah, Kalipuro, Licin dan Wongsorejo.

Zona II

Dianakaken ring **Hotel El Royal** kanggo peserta teka Kecamatan Blimbingsari, Kabat, Rogojampi, Songgon, Muncar lan Srono.

Zona III
 Dianakaken ring **Hotel Baru Indah** Jajag kanggo peserta teka Kecamatan Purwoharjo, Cluring, Tegaldlimo, Bangorejo, Gambiran, Siliragung lan Pesanggaran.

Zona IV
 Dianakaken ring **Hotel Mahkota Indah** Genteng kanggo peserta teka Kecamatan Singojuruh, Sempu, Genteng, Tegalsari, Glenmore lan Kalibaru.

Hang ana ring Genteng, pesertane akeh seru sampek panitia ngewatesi akehe peserta. Merga wektune hang hing nutut teka isuk sampek merek Isak, lan mung ana loro tukang kendhang, ana lare 20 hang sing bisa milu lan dijanjeni milu taun ngarep. Aose wong Banyuwangi iki, kanggo acara gedigenan hing nggelem nganggo iringan kaset, kudu teka alat musik hang temenan, jare kang Suko.

Dadi jare kang Suko sithik-sithik tujuwan dianakaken Lomba iki wis nggadug. Yaiku kanggo lebih ngenalaken budaya tari tradhisional nong lalare enom-enoman lan merujukaken rasa welas nang budaya tari tradhisional hang ring jaman milenial iki saya suda peminat.

Sanggar lan wong tuwek wis rada lega merga tari hang wis dipelajari bisa ditampilaken. Lalare ana hang ulih sertipikat.

Ketua Dewan Kesenian Blambangan (DKB) dhongkol, pak dokter Taufik Hidayat tepak ngelungaken piyala nang lalare ya ngomong kelendi mongkoge iyane ndeleng lalare magih girang milu nguri-uri kesenian tinggalane embah buyut. "Isun wis tau nang pirangane negara Singapura, Thailand, Korea, Jepang. Kabeh mongkog ambi kesenian tinggalane leluhure. Kene ya kudu mongkog ring kesenian tinggalane buyut bengen," gedigu jare kang Taufik.

Kang Opik uga ngucapaken terima hang gedhi nang keluargane Mbah Semi, hang diyakini minangka gandrung wadon kawitan.

Iwuh penyerahan piyala hang dianakaken dina Sabtu 6 Nopember 2021 ring Panggung Omprog

Gandrung Waroeng Kemarang Jalan Perkebunan Kalibendo Km 5 desa Tamansuruh Kecamatan Glagah, diramekaken ring Gandrung Marsan pimpinane kang Subari Sofyan. Lalare hang buru sinau njuget bisa ndeleng kepinterane wong-wong lanang njugetaken tari gandrung. Ana adhegan kang Bari ngadeg ring kendhi lan njuget ring ndhuwure. Sakuwise iku, kendi dipecahaken lan kang Bari nyembur uthik-uthik kembang lan beras kuning nang para penonton. Ana tari hang koreograpine apik, ana gendhing lan ana aksi teatrical. Kadhung masalah iki lalare, kudu sinau nang kang Bari hang nganggo omprog hang beda timbang penari lyane. Omproge katon lebih wera lan akeh ornamen kaca rasa emeh kaya omproge tari janger.

Lombane dhewek dipiloni peserta akehe 568 perorangan lan 232 beregu. Aspek penjuriane ana telu yaiku Wiraga, Wirama lan Wirasa.

(Kang Aang)



Kamus Using Versi Android lan Pelatihan Nyugih Kamus Indonesia, Using



Kamus Using versi android wis diluncuraken ring bungase ulan Oktober sore. Dadi saiki sapa bain bisa ngundhuh aplikasine nong playstore lan nyimpen ana ring hapene dhewek-dhewek. "Sapa bain bisa milu urun nyugih kamus basa Indonesia, pokoke weruh carane lan durung ana aran iku ring basa Indonesia," jare Dr. Asrif M. Hum, Kepala Balai Bahasa Jawa Timur ring Pelatihan Kontributor Kamus hang dianakaken Sengker Kuwung Belambangan (SKB) dina Sabtu 30 Oktober sore ring Aula Sonangkara Kecamatan Kota Banyuwangi.

Pak Asrif nerangaken nganggo logate hang nduduhaken gok iyane dudu teka Jawa, kadhung bengen hang diakoni bisa milu urun nyugih kamus Basa Indonesia (BI) iku kudu propesor, kudu ditulis nong jurnal utawa buku, sakat 2016 aturane wis ganti.

Carane, paling gampang ndeleng sulung ring aplikasi Kamus Besar Bahasa Indonesia V (KBBI V), wis anatah ucap hang arep dilebokaken iku. Kadhung durung, rika kudu daptar sulung nggawe akun, carane? Delengen nong kene <https://badanbahasa.kemdikbud.go.id/lamanba>

hasa/video/2508

Kadhung uwis, buru bisa usul nang tim panitiya KBBI, carane?

Delengen pideone iki:

<https://badanbahasa.kemdikbud.go.id/lamanbahasa/video/3070>

Utawa nong kene:

<https://badanbahasa.kemdikbud.go.id/lamanbahasa/video/2509>

Jare pak Asrif, kadhung bengen sithik-sithik kadhung hing ana ucap-ucap BI njuwute teka basa manca. Serehne basa dhaerah ring Indonesia iki ana 718, saiki njuwute teka basa dhaerah sulung, salah sijine basa Using.

BI saiki kosakatane nambah seru akehe, ngelebihi basa asale yaiku basa Melayu merga wis ketambahan basa dhaerah liyane teka Aceh sampek Papua.

"Ayo iki tanggung jawabe kene kabeh makene basa Using bisa milu nambahi ucap-ucap hang ana ring Basa Indonesia," jare pak Asrif.

Sarate ya mung loro iku mau: 1. Durung ana ring kamus BI lan 2. Gampang diucapaken wong sak Indonesia.

Contone, panganan teka sagu hang teka Papua-Maluku diarani papeda. Setemene ana istilah teka dhaerah liya, yaiku teka Palopo diarani Kapurung, lan teka Tolaki arane Sironggi. Tping merga hang lebih gampang diucap yaiku Papeda, pungkasane Papeda hang dienggo ring basa Indonesia. Dene Kapurung lan Sironggi mau mung diwani cathetan gok hang dienggo iku Papeda.

Akeh ucap lan istilah hang durung ana. Umpamane, hang ana ring ngingsore bacot ring antarane berengos kiwa tengen, arane paran durung ana. Rambut nong ngingsore lambe, dudu jenggot, arane paran.

"Iku buru aran-aran hang ana ring awak,

durung jangkep. Kelendi istilah hang ana ring kesenian, kebudayaan, pertanian lan liya-liyane," jare pak Asrif.

Ring istilah woh-wohan, umpamane kelapa, ana beluluk, cengkir, degan, kelapa hang wis kecathet ring BI teka basa Jawa. Kelendi kadhung kiring? Cumpu durung ana. Dadi Kiring (kelapa tuwek hang sepete sampek garing) bisa diusulaken nang Kamus BI.

Ring diskusine, ana pitakonan teka kang Elvin Hendrata, ulih paran wong hang wis ngewani urun ucap hang kecathet ring kamus BI. Pak Asrif hing weruh tapi semaya arep takon nong bagian perkamus hang ana ring kantore.

Kamus Android

Semono uga Kamus Bahasa Daerah Using Indonesia hang disusun ring ruwahe Pak Hasan Ali, bapake mbok Emilia Contessa. Kamus iku wis sakat 2002 hing tau ditambahi ucap-ucape, dadi perlu kene nambahi ucap.

Carane emeh padha, klik-en belambangan.com aju goletana kamus. Ring dina Sabtu iku setemene ana Kamus Using versi Android hang wis bisa diundhuh ring Google Playstore: Kamus Using-Indonesia utawa Kamus Using-Indonesia Belambangan.

Rencanane, kamus Using versi android iku diluncuraken ambi mbok Emilia, taping merga kondhisi awake rada hing enak dadine wurung. Taping kamuse wis ana ring playstore.

Mayo nambahi ucap basa Using ring kamus Using lan kamus Basa Indonesia!

(Kang Aang)

Jenggirat Tangi Maning Pacul Gowang Sakwise Pementasan Revitalisasi



JEB (Jiwa Etnik Blambangan) lan Spensaba Mileneal sing gelem mung mandheg ana ring pementasan lan pelatyan hang wis dianakaken Badan Bahasa Kemendikbud Ristek RI ring Pelinggihan Dinas Kebudayaan dan Pariwisata Banyuwangi. Sqakmarine Pementasan Revitalisasi tanggal 27 Oktober 2021 iku grup-grup Macaan Pacul gowang iki terus ubed latiyen maning ana ring sanggar lan markase dhewek dhewek.

Jeb (Jiwa Etnik Blambangan) hang markase ana ring RTH Singojuruh gancang cepak-cepak arep nerima tanggapan main. Spensaba Mileneal hang markase ana ring SMPN 1 Banyuwangi uga gediku pisan malak latiyen maning nggawe

naskah-naskah anyar cepak-cepak nawi sak wayah-wayah ditanggap main.

Cakrak Ungkal grup Macaan Pacul Gowang teka Cluring hang dikomendani Andi uga wis nerima tanggapan masiya mung ana ring umahe tanggane hang duwe gawe cilik-cilikan.

Nyatane pancen sing mung abang-abang lambe anane *Revitalisasi Sastra Lisan* hang wis dianakaken Badan Bahasa Kemendikbud Ristek Dikti RI hang megawe bareng SKB (Sengker Kuwung Belambangan) DKB (Dewan Kesenian Blambangan) lan Pemda Banyuwangi liwat Disbudpar Banyuwangi hang ulih tantangan teka Balai Bahasa Jawa Timur kanggone nguripi maning Kesenian macaan Pacul Gowang hang

wis meh kudup maning sakwise mekar ana ring tahun 80-an, Macaan Pacul Gowang iku sing mung mandek ana ring pelatihan bain.

Sakmarine Pementasan Revitalisasi Sastra Lisan Berbasis Komunitas ring Pelataran Dinas Kebudayaan Pariwisata Banyuwangi nyatane grup-grup macaan hang wis dadi lan milu nyang pementasan iku bisa balik maning nyang komunitas sakperlu ngembangaken maning lan sak perlu uga nyebaraken nyang kanca-kanca liyane liwat komunitas hang ana ring panggonane dhewek-dhewek.

Grup Macaan Pacul Gowang JEB (Jiwa Etnik Blambangan) uga bisa tampil maning sakmarine tampil ana ring acara pementasan Revitalisasi tanggal 27 Oktober 2021 ulan kepungkur. Main ana ring Balai Desa Mangir Kecamatan Rogojampi tanggal 4 November 2021 nepaki acara Orasi Budaya Narkoba dan Kebudayaan Grup macaan hang dikomendani Toher iki bisa diterima apik ana ring masarakat desa Mangir.

Grup Macaan Pacul gowang JEB (Jiwa Etnik Blambangan hang sakdurunge ulih penghargaan Juara 1 lan ulih penghargaan naskah terbaik uga Laikan Terbaik ana ring Pementasan Revitalisasi Sastra Lisan Macaan Pacul Gowang ulan kepungkur tampil nganggo lakon anyar yaiku "Narkoba".

Sakliyane Grup Macaan Pacul Gowang JEB (Jiwa Etnik Blambangan), Grup Macaan Pacul Gowang Spensaba Mileneal uga bisa duwe kesempatan tampil ana ring acara Rapat MKKS SMP Negeri sak-Kabupaten banyuwangi hang manggon ana ring Paseban Widya Purnama

SMPN 1 Banyuwangi tanggal 10 Nopember 2021.

Grup Macaan pacul Gowang Spensaba Mileneal hang sakdurunge ulih Juara 3 lan ulih maning penghargaan Naskah terbaik iki uga main nganggo naskah anyar lakon "Game On-line".

Main ana ring kandange dhewek grup hang dikomendani Gedhe iki sing sukur-sukur, masiya mung bisa latiyen sedina bain nyatane bisa main maksimal lan bisa ngibur kepal-kepal sekolah SMP Negeri sak Kabupaten Banyuwangi.

Holili, M.Pd salah sijine Kepala sekolah Teka SMPN 3 Banyuwangi hang milu nonton ana ring acara iki nyatakaken dhemen nyang pertunjukane merga kesenian iki wis meh punah lan seneng merga SMPN 1 banyuwangi bisa nerusaken liwat Macaan Pacul Gowang Mileneal nganggo lako hang sak iki-iki anyar miloni jaman.

Kepala Sekolah SMPN 1 Banyuwangi Supriyadi, M.Pd uag milu dhemen bisa nganakaken Macaan ana ring sekolaane. Muga-muga iki kabeh bisa dadi kembang urip kanggo lare-lare hang magih sekolah lan bisa nguweni kelir nyang urip sakteruse nguri-nguri kebudayaan Banyuwangi.

Grup macaan Spensaba Mileneal sakdurunge uga wis tampil ring acara Bulan Bahasa hang digagas tim Literasi SMPN 1 banyuwangi ring tanggal 28 Oktober 2021 nganggo lakon "Sekolah Maning".

(Antariksawan, Moh. Syaiful)



Nampa Penghargaan ring Dina Aksara Internasional 2021

Laporan: Nur Holipah



Putri nampa Penghargaan langsung diuwakaken ring Gubernur Jawa Timur.

Banyuwangi kepilih dadi tuan rumah, kanggo mengeti gebyar dina Aksara Internasional 2021 hang dianakaken Sabtu-Minggu, 30-31 Oktober 2021 sore. Setemene bain, kadhug miturut UNESCO, Hari Literasi Internasional utawa Hari Aksara Internasional/Sedunia (Hari Melek Huruf Internasional) diengeti saben tanggal 8 September. Dina kanggo mengeti, pentinge njaga 'melek huruf' kanggo saben menungsa, komunitas lan masyarakat.

Manggon ring éL Royale Hotel Banyuwangi, Dadapan, Kec. Kabat, acara dibukak langsung ring Gubernur Jawa Timur, Khofifah Indar Parawansa. Acara gebyar hang suwene rong dina iku nguwani penganugerahan

penghargaan literasi kanggo pegiyat literasi ring Jawa Timur.

Sing luput, Putri Nurul Azizah hang tau nulis buku Cerita Cendhek Using 'Sisik Melik' uga ketiban sampur ngadiri. Iyane ulih undhangan kanggo nampa penghargaan teka Gubernur. Putri wis tuwuk menang lan nampa piala ring lomba-lomba hang dipiloni sakat SMP. Kayata: Juara 2 Lomba Menulis Cerita Pendek Bahasa Using tingkat SMP (2018), Juara 2 Lomba Menulis Cerita Pendek Bahasa Using tingkat SMP/SMA (2020), Juara Harapan 2 Olimpiade Bahasa Indonesia SMA Sederajat se-Jawa Timur dan Bali (2020), Juara 1 Lomba Menulis Esai Kategori Pelajar dalam rangka 10 tahun Banyuwangi Penuh Inovasi (2020), Juara 1

Monolog Bulan Bahasa Tahun 2021 tingkat SMA Negeri/Swasta Kabupatèn Banyuwangi. Lan hang paling anyar, Putri ulih Juara 1 Cipta Cerpen kategori pelajar ring Festival Sastra – Universitas Gadjah Mada (2021).

Putri hang saiki wis kelas XII ring SMAN 1 Srono, dina iku (Sabtu, 30/10) nampa Piala Penghargaan Juara I Lomba Video Kreatif tingkat SMA/SMK/MA se-Jawa Timur.

“Iku lomba teka Balai Bahasa Provinsi Jawa Timur kanggo mengeti Hari Bahasa Ibu Internasional. Wis lawas setemene, dianakaken tanggal 15 sampek 28 Februari 2021. Pengumuman pemenange ya wis disampeken tepak tanggal 8 Maret 2021...” jare Putri. Video hang dipelokaken lomba, isine nduduhaken 3



bahasa daerah hang dienggo Putri komunikasi sedina-dina yaiku Jawa, Madura, lan Using.

Liyane Putri, Widie Nurmahmudy—founder Kampoeng Batara (Kampoeng Baca Taman Rimba) – Paping Kalipuro, uga salah siji hang nampa penghargaan

ring dina iku. Iyane ulih penghargaan Tokoh Adat Pendukung Pendidikan Keaksaraan husus Komunitas Adat Terpencil/Khusus (KAT). Penghargaan hang ditampa Widie uga kaya dadi hadiah ulangtahun Kampoeng Batara kaping 6 taune. Hadhiyah iku uga nambahi siji engkas, teka akehe penghargaan hang wis ditampa Widie suwene megiyet ring Kampoeng Batara.



Widie nampa Penghargaan langsung diuwakaken ring Gubernur Jawa Timur.

Nampa

Miturut Lampiran Surat Kepala Biro Kesejahteraan Rakyat –Setda Provinsi Jawa Timur Nomor 420/18124/012.3/2021 tanggal 26 Oktober 2021, ana 13 hang nampa penghargaan kelebu Putri lan Widie, yaiku:

No	NAMA	PENERIMA PENGHARGAAN	ASAL KAB/KOTA
1	Widie Nurmahmudy	Tk. Nasional – Sekolah Adat Kampung Batara	Kab. Banyuwangi
2	Adhmad Fikri Fitrananda	Tk. Nasional – Penerima Apresiasi Video Literasi Masyarakat	Kab. Banyuwangi
3	Zaki Hanin Nafilah	Tk. Nasional – Penerima Apresiasi Menulis Praktik Baik Literasi Masyarakat	Kab. Jombang
4	Taman Bacaan Masyarakat (TBM) Untukmu Si Kecil	Tk. Nasional – Penerima Apresiasi TBM Kreatif – Rekreatif	Kab. Jember
5	Ragil Satrio Hidayat	Tk. Nasional – Penerima Apresiasi Publikasi Foto Keaksaraan	Kab. Jember
6	Putri Nurul Azizah	Juara I Lomba Video Kreatif tingkat SMA/SMK MA se-Jawa Timur Hari Bahasa Ibu Internasional 2021	Balai Bahasa Jawa Timur Kab. Banyuwangi
7	Pelangi Tunjung Kusuma	Juara I Bertutur bagi siswa/siswi SD/MI Tk. Provinsi Jatim	Kota Madiun
8	Ari Zuntriana, MA	Juara I Pustakawan Berprestasi Terbaik tk Provinsi Jatim 2021	UIN Maulana Malik Ibrahim Malang
9	Perpustakaan “Samudra Pustaka”	Juara I Bertutur bagi siswa/siswi SD/MI Tk. Provinsi Jatim	Desa Losorejo – Kademangan – Blitar
10	Perpustakaan SMAN 1 Gondanglegi Kab. Malang	Juara I Perpustakaan jenjang SMA/MA/SMK tk. Provinsi Jatim 2021	Kab. Malang
11	Dra. Nuriyatus Sholeha, M.Pd	Apresiasi Pegiat Perempuan Tk. Nasional	Kab. Banyuwangi
12	Anas Alfian Suni, S.Ap	Pemenang Festival Pendidikan Kesetaraan Tk. Nasional	PKBM Nur Surya Education Kab. Banyuwangi
13	Inni Hikmatin, S.Pd	Pemenang Festival Pendidikan Kesetaraan Tk. Nasional	PKBM Aliza Kab. Banyuwangi

Sak liyane penghargaan pegiyat literasi, uga ana pameran keaksaraan kearifan digital hang dipiloni perwakilan kabupaten/kota sak Jawa Timur ring rong dina iku.

WELANGAT

Anggitane Ridzkiya Karimatus Sholeha
(penulis Kumpulan Cerita Cendhek KEMBANG GALENGAN)

Digelung mendung,
diiris gerigis,
pepean kepus
tanda sengenge njumbul
apus-apus. Bedhug Subuh
wis kocar-kacir, nganteni
melecir kari-kari ngelara
pikir. Kari dhemen
nyemayani, kadhung tibane
mung terima ngapusi. Sapa
uwonge kang sing kerasa,
barang sedinane ditulih
magih rupa, mara-mara wis
sing ana. Mung godhong
kang bisa nampani, cicire
udan tanpa sambat, malah
girang diambat-embat.

Rasane, buru bain sun
tulihi, taping saiki kudu-kudu
dientasi. Nulih beletok kang
merana-merana, isun njangkah
edheng-edheng. Masiya lambe
kang nang mburi wis mangkat
benceng ceweng. Ya gedigu wis
umah plaster endhut. Wayah
udan tulihane kaya kedhokan.
Tembok penek ambal, gedhi
bolong pinggir mung bisa
ditembel gamping. Emane
genteng magih akeh kang wutuh.
Umahe tukang, genteng mensle
angger-angger disalini, tibane
mung disawangi. Beda, watek-
watekane sing nurun bapake.
Makene wis, acake digeningaken
sampek banjir pantese.

Mata magih ngelirik
merana merene. Kerasa
ngelayung, bingung nang paran



kang wis sun lamun. Nulih umah
wis sing bisa pernah. Kaya ana
kang kurang. Sing ana kang bisa
ngereka, uga sing ana kang wani
nata. Kabeh semembur, ngarep
mburi rasane gawur. Aseli kerasa.
Buru semene bain wis sing bisa
menga. Sing bisa ngomong
paran-paran, lambe kaya dipuket
pati. Isun mung bisa ngangen,
ambi mikir kelendhi carane isun
mungkir. Kadhung saiki isun bisa
sambat, isun kepingin ndenguh
sing kuat.

“Acake petekena
sikilison, Beng!”

Dina Jemuah isuk
ngarepaken bedhug, temonan
kang nggarai atinison girang.
Ditagok semayanan, sakat soren
bengine isun mula nyemayani

merene. Sun belani
melaku, merga sepidhah
sing diuweni metu.
Dipaksa bapak ya
mesthine nguwel, aju emak
kepancing memel. Timbang
ruwed, bangur nggawa
payung melaku, ngecepek.
Sing adoh, let sawah lan
kebonan bain, aju ngeliwati
banyu, sasak ambles, lan
temurunan. Mung engko
mulihe sing enak. Dalam
kang wis tau sun liwati
mesthine lunyu. Wedi
kepeleset kaya sabene
tepak mulih ngeteri sega.

Rada ngakak, tibane sing
aturan. Sikil mejujung
mendhuwur, sak awak kecebur.
Sing terima kelumus, iki arane
udan-udan adus. Apese awak,
lumbu kang sun enggo payung
pulute nibani rai, kangkung kang
sun esaki, keli milu aruse banyu.
Benere arep disambelaken pecel,
diuled ambi cukulan, aju dienggo
madhang sandhing kopi.
Bayangane mula wenak, taping
angen ya mung sewates angen.
Kangkung ulihe isun leles ring
galengan, katut kegawa arus sing
bisa sun uber.

“Woh... Nawi!” abane
anang, kala iku sun tulih abete
nahan guyu.

Isun ya meringis, isin
arep nangis.

"Ulihe wong mbeleng, temune matane digawe mbelereng. Wis weruh sasake ambles, ngelumut. Diejak liwat kang kulon maksa liwat wetan. Kelendhi lara?" teruse ambi nggulapi banyu udan kang mili ring raine.

Lara? Masa larane, taping isin-e. Ngelirik Mbah Nik hang nang ndhuwure dam wis kepingkel-pingkel, nuli isun kecebur. Welasah kang nang endhase taker oyag, dubang ring lambene mangkat meletuk-meletuk.

"Byek... udan banyu sing apuwa-apuwa. Iki udan idu, kelire abang pisan. Kari sing mupakat wong siji iki," batinisun rada celathu.

Masa polahe isun mbeleng, karepe iku isun liwat ring sasak kang rada wera. Taping kelendhi maning wis, ceritane beda. Nyata lan karepe sing bisa padhaan. Arane apes bisa paran maning seliyane diterima bain, masiya isin-e sing bisa lali sampek saiki. Isun emong kesuwen kungkum, jeriji wis kaya ngemu getih putih serang pucete. Untu wis mangkat gemeter, tandha adhem wis nguwasani. Isun mentas teka banyu, melayu cicing-cicing. Sing maning-maning mbanggal, pungkase jempol sikil cuil, petal-petal. Isun kaya bojog keneng tulup, isin seru diguyu wong tuwek-tuwek kang rata-rata peringise sing katik untu. Umur 80 tahunan, sak kancaan mung Nangisun bain kang ditulih magih sagah

lakonane.

"Taping temenan yuh Nang, sakat teka Kek Nari, Nang Usik, lan Kek Osok, kancanrika maju gandrung, mung Rika kang magih pancen," alemisun ambi meteki sikile kang rada petekel kempole.

Isun medhot cerita kedadeyan ewer kang setemene durung mari sun ceritakaken, lagotane isun wis nuli anang mangkat cethukan. Kadhung digeningaken turu, isun kang ngersaya dhewekan. Masiya sukur meteki, kira-kira sing milu ngantuk pisan.

"Marine gadug umah kelendhi? Isun sing weruh, polahe sikil beletok kabeh. Temune leren mampir nyang ledenge Mbah Nik. Kadhung sing gedigu, bek... cangkeme adonira ya dawa," abane nang katut nang pancingane omong.

"Ya sing luput. Isun keneng uwel," saurisun ambi temungkul gemuyu ngenget-ngengeti.

Isun buru iling, pas wis gadug umah, katrol hang sun cangkang sing sun gawa mulih maning. Mak... mateng isun, katrole milu keli. Api-api lali kala iku sun lakoni. Masiya adon wis muluk-muluk teka kadohan, taping isun sing wedi diamuki. Kawite mula gedigu, serta nang sun golet-goleti sing ana ati langsung nderedeg. Amba tulah-tulih kiwa tengen, isun semaur lali.

"Kadhung Ira iki mula

wis! Apuwa ndane!" abane ambi ngingang ring ngarepe bengahan.

"Sing nguwel, taping dhong-dhonge yara Isun isuk-isuk dikongkon balik maning."

Isun nutugaken ceritane, masiya sun tulih Nang wis merem-merem matane. Kepenaken dipeteki, mulane ra sing ana abane. Isun mikir maning, kelendhi carane isun makene sing milu ngantuk. Nuli radhiyo kelawu tuwek kang meceger nana gawene, tangan kiwanisun langsung nggape. Sun elih nang kasur, aju sun unekaken. Nepaki tanggal 30 September, radio ngengetaken kang rungung anane Pemberontakan G30S/PKI. Isun ya kaget, anang kang maune wis merem nana abane mara-mara njegug nganteraken suwara radhiyone. Isun wis paham, iki mula dhemenane, ngerungokaken sejarah, cerita sejarah, lan melajari sejarah. Masiya awake rada warang, taping semangate iku kang nggarai isun dhewek rada lesuh. Bisa-bisane lare nom kaya isun, kalah nyang wong tuwek. Ilmune kaya wis ngelontok, kaya wis jangget nyang jitok. Bek... ya rada ngisin-isini kadhung isun ditakoni magep-magep.

"Tepak PKI iki Rika weruh?" timbang isun kang ditakoni, bangur sun takoni sulung.

"Ira iki kari aneh ika, Isun lair tahun 40. Wayah PKI iku Isun

ya magih seger-segere," saure ambi ngelih tanganisun nang tangan tengene.

Isun ganti meteki tangane, edheng-edheng, ambi ngerungokaken ceritane anang bengen pas enome. Pikirisun, radhiyo iki benere dipateni bain. Enakan ngerungokaken ceritane anang, timbang ngerungokaken radhiyo kang penyiare nggedobos kakehan ketheng-ketheng. Isun weruh, anang iki setemene lesuh. Iyane cerita ambi merem matane. Anehe suwarane sing kaya wong lesuh, malah iyane bisa gemuyu masiya matane sing kuat melek.

Udan angin kang kegawa sakat isun buru teka, milu melebu liwat lompongan kang ana ring ngingsore lawang. Bisa sun rasa, ambune lemah tepak tetese banyu udan nggawe bolongan. Njeglone njeglone kaya umahe undur-undur. Mula sing kari jeru, taping suwi-suwi bisa nggawe uwong kejeluwuk.

"Beng, Ira durung tau Sun ceritani Pemberontakan Darul Islam ya?"

"Iya, kelendhi iku?"

"Sabtu kesuk bain rawis, Ira ra prei sekolah. Merinia maning," pungkase omonge, sedurunge iyane njaluk sun imbhaken sega, iwake dederan endhog.

Jemuah soren wis kepungkur, udan deres mau wis ketarik mendhuwur. Ngarepaken

magerib wayah kang salah kanggo isun njangkah. Rada ana kang nggajel, utek iki maning-maning kaya diuyel-uyel. Isun magih budhuh masiya wis tuwuk, rekenane Basa Using wis dadi sega jangan taping magih sing pahaman.

"Welangat iku paran?"

Sakdalan-dalan isun kepikiran, wekase anang mau setemene ngomongaken paran? Isun melaku edheng-edheng maning, wedi nyerimped aju kesereb. Sing maning-maning mbaleni tibane isun hang ngisin-isini. Wis kapok, sampek saiki sing kira sun baleni. Kadhung iling iku, sing kira kolu nuluh sasak ambles iku maning. Aja-a nuluh, ngelirik bain sing. Iku dalan siji-sijine kang nggarai isun gampang nyebrang banyu. Ana dalan liyane, taping adoh leren muter ngulon.

"Udan magih banyu, ngelibeng sitik bain sing paran-paran ra?" isun nakoni nang lunyune galengan endane gelemtah nguweni dalan?

Isun magih ayam, njangkah, cincing-cicing. Ngarep-ngarep makene dalan kang sun pilih iki sing nggawa belai. Ana kang nggawe tanganisun gatelen, kepingin metik kangkung hang kari nggeregetaken iki. Kadhung diliwati eman-eman. Kadhung maksa sun petiki, samar wulu wis nganteni. Yawis, sing ana pilihan maning. Gelem sing gelem isun kudu mulih, iling nyampeken wekase anang dikongkon hang

gancang. Isun tetep melaku, emong melayu. Lunyune galengan sing tutug nang kene bain. Magih akeh galengan-galengan liya hang durung sun liwati. Ati kesusu, taping sing bisa melayu. Sakdalan-dalan lejeg, kedokan sing katik dileb, wis kembang banyu.

"Pak, ana wekase anang. Jare, welangate aja diketok-ketok," isun gage-gage salin, aju nak niliki kukusan sabrang hang wis semandhing ring meja ngarepan.

Isun sing weruh nang paran kang dipikiri bapak. Buru bain isun gadug, wis arep diejak merana maning. Endane sing weruh, isun magih kelumus, andhuk bain buru sun selempangaken nang endas, dipikir sing kecindilen adhem-adhem gedigi diejak kecek maning.

"Wis ra kang rada kesat gedigu!"

Bener ra, suwi-suwi isun kang keneng serangab.

"Isun buru bain teka, Pak! Kek, anduk bain buru kecandak. Makene tawis isun sing katik salin? Makene ngelu tawis? Aju sing sekolah, terus ra sing mungguh!" saurisun pada antere.

Meh suwengi isun magih bingung. Seru pentinge tah kang aran welangat iku? Sampek Bapak ngesusu-susu kudu nyang anang maning. Ring kamar lawang ijo iku, isun sing kuat

nulihi. Kelendi ujege anang kang gelibegan bingung mapakaken awake. Malem Sabtu, ati diterjang bingung, magih pancen ngancani. Sun tulih nganggo rasa welas iki, anang kaya arep titip paran-paran. Omonge wis ngelantur lan ambekane senin kemis, kempis-kempis. Sakat teka pil, sampek pace wis melebu nang cangkeme. Taping sesek ring dadane tetep bain sing gelem nyingkrih.

Sun tulih teka kaca candhela, Mbah Nik, gandrung Kemiren kang dipaju anang tepak iwuhe Wak Urik tibane wis ana ring njaba.

"Tuman, Nik iki kadhung digeningaken ya ngeruwes. Endane sing ngerti kene bingung tambane, kunu nggedobos bain," perengkele ati kang magih nyimpen celathu ring njero ati.

Isun magih mandeng, kepingin weruh kecape lambene ngomongaken paran bain. Sing gelem nulih memburi, hang ana ring njero umah pating bingung golek tamba. Iyane hang ring njaba enak bain, mangu-mangu ambi cerita.

"Beng, jam pira wis? Ana jam sanga? Mbesuk soren bain ya sun tutugaken citrane Darul Islam," anang takon, omonge kaya magih ngeronce-ronce aksara.

Isun semaur iya-ya bain, ambi meteki tangane kaya biyasahe. Sing ana kang beda, mung sikile bain rada kenceng, jempol lan jeriji liyane, sara dijejagaken.

Suwene lungguh, wekase pada bain. Welangat, welangat, lan welangat. Isun iki sing weruh welangat iku paran. Sampek teka ring wayahe isun ngerti.

"Welangate sing katik diketoki wis Kang Agus?" abane mudin mayid, sedurunge ngedusi.

Tibane, iki tah maksude. Sakumur uripe anang wis nyawisi kayu wera lan dawa, diparoti ring dhuwure pelanca. Akeh tandha-tandha kang setemene bisa kewaca. Sakat teka wekase, jam, sampek sikile. Sapa hang ngira, wong sorene enak-enak cerita, aju bengine magih kober nyemayani. Temakena ikitah kang dijanjeni.

"Iki ceritanrika Nang? Nyemayani Sabtu cerita, tibane iki citrane?"

Mata magih nyakseni kelendi lakune citrane dina iku. Sing ana hang sun getuni, seliyane apuwa "welangat" bain isun sing ngerti. Kadhung bisa sun puter wektu, soren iku isun sing kira mulih. Isun ya sing kira arep kesuwen-suwen, leren adus, leren tukar nyang bapak, leren ika iki, mbuang wektu! Lungguh ring lincak iki gawenane rasa kaya lungguh ring sandhinge. Isun sing weruh, paran kang kelakon iki apa ya temenan? Kadhung dipikir, omonge Mbah Nik hang jarene tau nemoni pitik cemeng mulus melebu nang balene anang jam siji bengi, tepak iyane mulih kundangan gandrung,

seminggu sedurunge anang ninggal, bisa bain milu dadi tengeran. Isun magih anteng nyawangi lawang ijo iku, ambi mangku kumbahan hang garinge sing temenan.

"Katrolisun endi?"

Metu teka lawang ijo, adon ngagetaken matanisun iki.

"Taker kaget, jareisun anang urip maning. Kelendi?" saurisun mbudhuh.

"Katrolisun hang kelalen ika endi?"

"Katrol? Katrol paran? Isun buru bain ngentasi kumbahan wis ditakoni katrol."

Isun buru iling kadhung katrole wis ilang sedurunge anang ninggal. Isun uga buru iling, gok setemene isun nyemayani arepe nggoleti. Sun pikir wis lali, tibane ...

"Endi kang gancang! Katrol kuno iku, Ki!" omonge medhot pikir hang wis mangkat penyar.

Sing ana dalan liya seliyane ngapusi. Munggone ana anang, mestine isun dibelani. Merga saiki uwonge wis sing ana, isun kudu golek tameng liya.

"Leh... Wis diwarah kelalen ring pondok. Sabene lali merga sing katon. Polahe sun kudhungi welasah. Kesuk bain sun juwut. Dheh.. kana wis olaha jangan tah paran tah, isun nak lepit-lepit, "saurisun mesisanan kanggo mungkasi omongan.

BALAI BAHASA JAWA TIMUR

